Гъагъэ, зыузэщI, Къэбэрдей-Балъкъэр!

Махуищ хъуауэ ди республикэм егъэлъапIэ и къэралыгъуэм и илъэс 90-р

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№165 (22.073) ● 2011 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 3, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий и хъуэхъу

Мыхьэнэшхуэ зиIэ гуфIэгъуэмкIэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 90 зэрыркъымкIэ - сывохъуэхъу.

Мы Iуэхум щIыналъэм щыпсэу псоми я дежкIэ мыхьэнэ и иIэщ, ар щIэгъэкъуэн хуэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, псом нэхъ-рэ нэхъыщхьэраци, и цIыхуэхэм я зэфIэкIыр къэIэтыным. Республикэм Урысейм кIуритащ еджагъэшхуэ, щэнхабзэмрэ гъуэгуанэмрэ я лэжьакIуэ щIэрыIуэхэр, фэ фи пащхэр телъыджэщ лъэпкъ кулым ящыщхэр, дин зэмылIэужыгъуэ куэд зыIыгъхэр зэрыщыпсэумкIэ. Лъэпкъ, конфессие зэмылIэужыгъуэхэм ящыщхэм яку дэлъ мамырыгъэмрэ зэхэщIыкIымрэ лъабжьэ быдзу щытщ щIыналъэм зэпIэзэрыпыныгъэр щыIэтеIыгъэныкIэ. Мы зэманым республикэм мэкъумэщ хозяйствэм псынщIэу зыщеужь, энергетикэм и Iэнатlэм проект инхэр щагъэзащIэ. Мыбы щыIэщ ди къэралым и бгы нэхъ лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ, дунейм и щIыналъэ псоми къикI туристхэр зыIэпыIэшыз щIыпIэ хьэлэмэтхэр.

Щ1ыналъэм нэхъри зиужьын папщIэ промышленностым и технологие лъабжьэр къэгъэщIэрэщIэжын, иджыри транспорт инфраструктурэ кIыхьэгъэщын, инвестицэхэр къешэлIэн хуейщ. Си фIэщ махъу, зэгъусэу фызэдалажьэурэ, фэ мыхьэнэшхуэ зиIэ апхуэдэ Iуэхуэхэр зэрызэфIэвгъэкIыфынур, цIыхуэхэм я псэукIэр зэревгъэфIэкIуэфынур.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм, абы щыпсэу псоми насыпыр, ехьулIэныгъэ и IэнатIэр, и Iуэхуэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщу щытыну си гуапэщ.

Москва къалэ, 2011 гъэ, щыщкIэлъым и 31.

Мы махуэхэм ди республикэм щекIуэкI гуфIэгъуэ зэхьыхьэхэр гуапагъэкIэ гъэнщIа щапэкIуэщI тельыджэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэм и къулеймэ хьихьэнущ. Сыту жыпIэмэ, зэман жыжьэм къыдэтэджу ди нобэм къахьэа Iуэхугъуэхэр ди блэкIам и гъуджэщ, нэхъыжьхэм зрагъэхъулахэм Iуащагъыщхуэ зыхэль гупсысэ зэпыщIэхэмкIэ поджэжри.

КЪЫЗЫХУЭТЫНЩЭУ зэрагъэпэщыжа Музыкэмкlэ театрым и гупэм деж щэджагъуэ нэуэкым цIыхуэщхуэ щыIэжкъуэсат. Аущ пэплъэрт Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэр илъэс 90 зэрыркъуэр къыддагъэлъэпIэну къытхуеблэгъа хьэщIэхэм.

Сыхьэт 17-м республикэм и унафэщIхэм ящIыгъуу илъэс 400-м и цIэр зезыхьэ утым ит «ИгъащIэкIэ Урысейм дригъусэу» фэеплым абыхэм удз гъэгъахэр тралъхьа нэужь, театрым и нэгузэгъужьыпIэ пэщыщхуэм гуфIэгъуэ зэIущIэр къыщызэIуахащ.

Зы унагъэщхуэм хуэдэу абдеж щызэхьхьаэр япэ щыкIэ ирагъэплъащ а зэманым кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къикIуа гъуэгуанэр, абы и Къэралыгъуэм и зэфIэувэкIар зэщIэкъуауэ къэзыIуэтэжа документальнэ фильм кIэщIым, И уажьКIэ, къызэхуэсахэм я Iэгуауэщхуэм щIэту утыкум ирагъэблэгъащ республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен.

- Си хэкуэгъу лъапIэхэ! ПщIэ зыхуэсщI ди хьэщIэхэ! Нобэ дэ догъэлъапIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ Iуэхугъэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 90 зэрыркъуэр. Адыгэ, Балъкъэр лъэпкъхэр лIэщIыгъуэ куэдкIэ щIэхъуэпсащ апхуэдэ Iэмал щагъуэтынуми. Абы и щыхьэт наIуэщ тхуцIэхьума архив дэфтэрхэмрэ щIыхьэ хъыбархэмрэ кьыт-хуалIэтэжкэр. Аущ ди лъэпкъхэм ар къащхьэ уIлар XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэрщ. 1917 гъэм и мазаем пащтыхьыр традзу Урысейр демократие республикэу кьыззэралъытам Iэмал кьитащ Урысей империем и щIыналъэхуэм зи щхьэ хуитыныр къэрагъэлыщIэкэр къыщыззэрагъэпэщыну. Кавказ Ищхъэрэм щыхущIэкъуащ «ищIагъкIэ» езым и къэралыгъуэ кьыщызэрагъэпэщыну. Аущ Кавказ Ищхъэрэ Республикэр зэрыщыIар пIалъэ кIэщI дыдэкIэщ. И уажьКIэ 1921 гъэм Кавказ Ищхъэрэм Бгырыс АССР кьыщызэрагъэпэщащ. Къэбэрдей, балъкъэр лъэпкъхэм езыхэм я къэралыгъуэр яIэжьныжьмкIэ Бгырыс автономиер зыгуэркIэ сэбэп хуаам, ахэр нэгъэсауэ я щхьэ хуитыжткъым. Абы кьыкъэкIыу, округ псом и гуащIэрыпсэухэм даIыгъыу Къэбэрдейм и Советхэм я съездыр 1921 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм Къэбэрдейр Бгырыс республикэм хагъэкIыу Къэбэрдей автоном область щIыну РСФСР-м и орган нэхъыщхьэм елъэIуащ, - къигъэлъэгъуащ Президентым. - РСФСР-м и ВЦИК-м 1921 гъэм фокIадэм и 1-м кьыщта декретымкIэ, Къэбэрдейм япэу ират ащ Урысей къэралыгъуэм и щIыналъэм (субъектым) и статусыр икIи автоном область хьуащ. Абы лъандэрэ ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и махуэу кьалытэ, сыту жыпIэмэ, мазаем 4 нэхъ дэмыкIыу 1922 гъэм щIышыIэм и 16-м Балъкъэрыр Бгырыс республикэм кьыхэкIыжри, зыIущ щыт Къэбэрдей-Балъкъэр автоном область кьыззэрагъэпэщащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр цIэр зэрыщэрихьэм кьегъэльагъуэ дэ ди зэпыщIэныгъэм тхыдэм кьыдекIуэкI лъабжьэ быдэ зэрилIэр, адыгэ, балъкъэр лъэпкъхэр я псэукIэкIи я щIыналъэкIи зэгуэхыпIэ имыIэу зэрызэхэзэтыр. ИкIи республикэм и купщIэр лъэпкъ кIуэ хъу ди щIыхубзэм я зэкъуэтыныгъэр, лъэпкъхэм, динхэм яку дэлъ мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ гъэбыдэныкIыр.

Лъэпкъ-къэрал автономием и илъэсхэм экономикэм, социальнэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм хуабжьу заужьащ. Я пIалъэ ситхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым дежкIэ гуащIэдэкI лъагэкIэ гъэнщIа, промышленнэ предприятэ зэмылIэужьыгъуэхэр щаухуа лъэхъэнэу уваща. Урысейм и гъунапкъэ щIыналъэ кьыкIэрыхуауэ щымыт щIыр, Къэбэрдей-Балъкъэр автономиер хуэмхуэмуэ индустрие-аграрнэ область хъуащ.

40 гъэхэм я пэщIэдзэм республикэм бгъэдэлъ а зэманым хуэфащэ экономикэ лъэщагъ, цIыхуэхэм зыхэпсэукIын яIэт, я щэнхабзэм зиужьырт, хозяйствэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм щиIэ ехьулIэныгъэхэм кьапэкIуэу къэралым и дамыгъэ лъапIэхэр кьыхуагъэфащат. Дригущыу зэ нобэ дигу кьыдогъэкIыж Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и зауэжьыныгъэм, ди цIыхуэхэм а зэIуэпэщыныгъэм я кьарур, я зэфIэкIыр, я щIэныгъэмрэ узынщагъэмрэ а лъэхъэнэ гугъуэм зыщыщмысхьыжу езытахэр.

Хэку зауэщхуэм и илъэсхэм, совет щыхъ псоми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъыбзэр Хэкур яхьумэжыну хуэзыщIэтэджащ. Мы гуфIэгъуэ махуэм фронтым Iутахэм кьаргъэлъэгъуа лIыгъэм зыхудогъэщхъ, нэхъ гущIэгъуншэ дыдэу цIыхум и тхыдэм хьихьа лъыгъажэ зауэм и бзылъхь псори зыгъэва, зи фэм дэкIа ди нэхъыжьыфIхэм фIыщIэ мыухыж яхудощI. Ди Хэкум и щхьэхуитныныгъэм, я IыхьлыхэмрэкIи я благъэхэмрэ, ди пщэдеймрэ папщIэ нэхъ лъапIэ дыдэу яIэр - я псэр - а мафIэ лыгъэм щызытахэр зэи тщыгъупщэнкым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьуэрэ ипхъуу мин 40-м щIигъуи кьагъэзэжакъым, Индыпрэ Берлинрэ я зэхуакум щекIуэжа зэхэуэ гуащIэхэм я щхьэр щагъэтIылъащ.

Къанокъуэ Арсен щхьэхуэу кьытеувыIащ балькъэр лъэпкъыр я лъахэм зэрырагъэкIар ди цIыхухэм гущIыхьэ ящыхьауэ зэрыщытам, 1957 гъэм я автономиер зэфIагъэувэжу Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-р щIэрыщIэу кьызэрызэрагъэпэщыжкар республикэм и гъащIэм мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу зэрыхьыьам.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм и гугъу щищым, Президентым кьыкИгъащащ гъащIэм и лъэныкъуэ псомкIи республикэм жьыджэру зэрызиужьар. Палъэ кIэщIым кьриубыдэу мэкъумэшхэмкIэ кьрахьэлIэр зауэм и пэкIэ кьалэжьу щытам щIигъащ, промышленностым зэкъуэтныныгъэфIэкIэ кьащыхьхьащ. Бгым елэжь, машинэухуэ, приборухуэ, электротехникэ IэнатIэхэм, нэгъуэщIхэм щIэтэхъуэбжьауэ заужьащ. ИтIэжьыIэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зыужьыныгъэшхуэ игъуэтащ. Совет лъэхъэнэм нэхъыщхьэу зрагъэхъулIахэм ящыщу Президентым кьигъэлъэгъуащ щIэныгъэншагъэр зэдыщIэкIыу зэрагъэкIуэдар, республикэм и гъащIэм кьыщыхьуа зэхъуэкIыныгъэфIхэм ар лъабжьэ быдэ зэрахуэхъуар.

- БлэкIа лIэщIыгъуэм и 80 гъэхэм я кIэухымрэ 90 гъэхэм я пэщIэдзэмрэ къэралым демократиер щызэтеувэу зэрыхуеиьар демократие федеральнэ нэгъэса зэтрауухуэным лъабжьэ кьарзынэ кьыхуэзригъэпэщащ. Урысей Федерацэм и Къэрал суверенитетым теуауэ Декларацэр кьащта нэужь, ди республикэм и Совет Нэхъыщхьэмэ мыгувэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал суверенитетым и Декларацэр кьищтащ икIи ардыдэмкIэ автоном республикэм и статусыр зыщхьэщихащ. Аращи, жьапIэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и нобэрей щытыкIэм тхыдэ лъабжьэ иIэу. Зы илъэс дэкIмэ, мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэ - Къэбэрдей-Балъкъэрыр езым фIэфIу Урысей къэралыгъуэм зэрыхихьэрэ илъэс 455-рэ зэрырикъур - дгъэлъапIэнущ. Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысейм хэту кьызэрэдуэкI лIэщIыгъуэ куэдым наIуэ щыта псалъэм адыгэхэмрэ балькъэрхэмрэ быдэу тетащ, тхыдэм и лъэхъэнэ псоми Хэкум пэжу кIуэлыкъу хуащащ, - кьыхигъэщащ Къанокъуэ Арсен. - Къэжьэнум и гугъу тщIымэ, дэ Iупщ1у дольагъу ди политикэ системэм зегъэхьуэжьыныр лъыдта лъэхъэнэщIэ зыхуэдэр. А лъэхъэнэм гъэзэщIакIуэ власт ым и зэфIэкIыр зэрыхьымэн хуейм кьыдэкIуэу, Парламентым игъэзащIэ кьалэныр адэкIи хэхъуэнущ, щIыпIэ самоуправленэм зиужьынущ. Республикэм щекIуэкI къэралправовой зэхъуэкIыныгъэхэм я унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщ граждан обществэм зегъэужьынкIэ. Властымрэ жылагъуэмрэ я зэхущытыкIэм я лъабжьэу кIуэ пэтми нэхъри мэуб лъэныкъуэхэм я зэхуэдэныгъэм, цIыхум и пащхьэм щахь жэуапIыныгъэм тещIыхьа зэпыщIэныгъэр.

Президентыр кьытеувыIащ партхэм, жылагъуэ зэгуэхьэныгъэхэм я нэхьыбэр зэрыщIэу, зэгурыIуэу зэрыщIэдзащ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр унэ зыхуэхъуа лъэпкъ псоми я лIыкIуэхэм я сэбэп зыхъ1ьэр хъумэным хуэуэнэтIаУ я дяпэкIи зэфIагъэкIынуэхэм, лъэпкъ политикэм пIащIа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм, абыхэм ятеуха концепцэм и проектым, дин организацэхэм хуаIэ зэпыщIэныгъэхэр, ират дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэм, дин экстремизмым зэрыпэщIэтыну идеологие убзыхуным теухуауэ зэфIагъэкIхэм.

Къанокъуэ Арсен кьыззэрилъытэмкIэ, нахуагъэр, уигу илыр жьыпIэну уэрэрыхуитыр ирюбрей илъэсипщIым жылагъуэ гъащIэм мыхьэнэшхуэ иIэу кьыхьыа Iуэхущ, цIыхухэм, жылагъуэ институтхэм цивилизацэр зи лъабжьэ зэхуэщытыкIэ тэмэмхэр зэхуэIэнкIэ абыхэм лъэныкъуэ куэдкIэ кьызэрагъэпэщ. Президентым кьыззэригъэлъэгъуамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэм и мыхьэнэм политикэ мардэ закъэкIэ мыхьэуу, цIыху пщалъэкIи бгъэдохъэ.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Зыужьыныгъэм и лъабжьэр

КъБР-м и Президентым и псалъэ.

● Гуфlэгъуэ хъыбархэр

УФ-м транспортымкIэ и министр Левитин Игорра КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсенра гъуэгуцIэр кьыз1уах.

Гъуэгум и къудамэщIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэс 90 зэрыркъур щагъэлъапIэ махуэм ирихьэлIэу гъуэгуцIхэм «Кавказ» М-29 автомобиль зекIуапIэм щыщу километр 27-рэ зи кIыхьагъ къудамар яутIыпщащ.

НАЛШЫК къалэм къыпэзыкIухь гъуэгур 1993 гъэ лъандэрэ ящI. Зэман блэкIам кьриубыдэу абы и ухуэным ахъшэу сом мелард 3,1-рэ трагъэкIуэдащ. Иджы «лъагъуэщIэ» пхашам и фIыгъэкIэ автомагистралыщIэр кьалэхэу Налшыкрэ Шэджэмрэ, къуажэхэу Шэджэм II-рэ Аруанрэ блэкIынущ.

ГъуфIэгъуэ зэхьхьэм кьрихьэлIащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен,** Урысей Федерацэм транспортымкIэ и министр **Левитин Игорь,** Федеральнэ гъуэгу агентствэм и тхьэмадэ **Чабунин Анатолий,** Кавказ Ищхъэрэ гъуэгухэмкIэ управленэм и унафэщI **Макиев Гайоз,** нэгъуэщIхэри.

- Мыбы дыкъыщыкIуэм гъуэгуцIэм зы кIапэ дыкъыржати, хуабжьу - дгъэщIэгъуащ ухуэныгъэм и фIагъыр, псалъэ зрата Левитин Игорь жиIащ. - Мис апхуэдэ зекIуапIэщ дэнэкIи щыдиIэн хуейр. Дэ «Кавказ» М-29 федеральнэ гъуэгум дяпэкIи зедгъэужьын ди мурадщ. Куэд мыщIэу щIыдодэз Ингушым пхырыкI къудамэм и къэгъэщIэрэщIэжыным, Владикавказрэ Гудермесрэ къапэзыкIухь гъуэгухэр ухуэным. Гъэ дызыхуэкIуэм и къару кьызэрихькIэ лэжьэнущ УФ-м и Гъуэгу фондыр.

- ГъуэгуцIхэм фIыщIэ ин яхудощI, ар игъуэ нэсу зыхуэй зэрыхуагъэзамкIэ, - жиIащ Къанокъуэ Арсен кьыщыпсалъэм. - Кьыхэзгъэщыну сихуейт мыбы хуэдэ ехьулIэныгъэфIхэр махуэщхуэхэм ирегъэхьэлIэныр куэд щIауэ ди республикэм хабзэу зэрыщекIуэкIыр. Нобэ кьызэIутх гъуэгум мыхьэнэшхуэ иIэщ и бгъуэгъым и мызакъуэу, зэхэгъэщхьэхуэкIыныгъэ дамыгъэхэр зэрыщебэкIыр кьэпльытэмэ, абы ущызекIуэныр куэдкIэ нэхъ шынагъуэнщагъэщ. Кьызыпижьыз жылагъуэхэм тегъэщIауэ щыта автотранс портри щхьэщеш.

ГъуэгуцIэм щыщ лъэмыжым и щхьэм кьыщызэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэIущIэм и кIэухым ухуэныгъэ дэжьыгъэхэм кьыщыхэжаныкIа IэщIагъэлIхэм УФ-м Транспортымкlэ и министерствэм, КъБР-м и Правительствэмрэ Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ кьабгъэдэкIыу щIыхь тхьилъхэмрэ ахъшэ саугъэтхэмрэ иратащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Фэтэр зэпэщхэр

КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу Налшык Тэрчокъуэм и цIэкIэ щыIэ уэрамым фэтэр 72-рэ хъу цэуплъэ унэцIэ щатащ.

АР ЗЫЛЪЫСАХЭМ я гуфIэгъуэр ягъэлъапIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент Къанокъуэ Арсен, абыхэм екъуэхуну яхуэкIуам я гъусэу.

Республикэм и Iэтащхьэм кIэщIу кьыгъэлъэгъуащ псэуныгъэм егъэщIылIауэ Къэралыгъуэм и махуэм ирихьэлIэу КъБР-м нэгъуэщI ухуэныгъэщIэхэри кьыщызэрыгъэIуахар - школыщIэр, Щэджэм кьыпэзыкIухь гъуэгур, спорткомплексыр. Абы кьыхигъэщхьэхуэкIащ республикэм и унафэщIхэр щIыналъэм псынщIэу зегъэужьыным, и щIыхуэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным зэрыхуищIэкъур.

ПсэупIэ унэр яухуащ ар зыльысахэм зэхалъхьа мыльку и хьэкъкIэ. АрщхьэкIэ абыхэм я лъэIукIэ лэжьыгъэ псори и кIэм нагъэсыну Iэмал ягъуэтын папщIэ республикэ бюджетым сом мелуан 37-кIэ защIигъэкъуащ. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэм папщIэ унэщIэм щыпсэунухэм я щIэкIэ Конаков Хьэсэн КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ гуапэу ехьэхъуащ.

«Дэ фэ фIыщIэ фхудощI зызэрыфхуэдгъэзам псынщIэу фыкьызэрыпэджэжам икIи унэр хуэныр и кIэм нэдгъэсын папщIэ фыкьызэрыддэIэпыкъуам, ар дыдэмкIи куэдрэ дызыпэплъа фэтэрхэм дыщIэтIысхьэну Iэмал кьызэрыдэфтам кьыхэкIыу», - жиIащ абы.

ЗэIущIэм и кIэухым Къанокъуэ Арсен кьыззэхуэсахэм Республикэм и и махуэмкIэ ехьэхъуащ икIи яжриIащ унэщIэм мамыру щыпсэуну, насыпрэ узынщагъэрэ щаIэну зэригуапэр. А псоми я щIыIужкIэ кьигъэгугъащ зыщIэжыну.

КУЭЦЭ Ратмир.

Жылэр зыщIэхъуэпса еджапIэ



ФокIадэм и 1-р псом хуэмыдэу махуэ лъапIэт Лэскэн районым хьыхь Анзорей жылэм дэсхэм я дежкIэ. А махуэм абы кьыщыззэIуахащ иджырей мардэхэм тету ящуа, ныжьыщIэ 660-рэ зыщIэхуэну еджапIэщIэ.

АБЫ КЪУАЖЭДЭСХЭР куэд лъандэрэ пэплъэрт. ЦIыкIуэхэр иджыри кьэс щеджа школыр зэраухуэрэ куэд щIат, уеблэмэ, зэрыжьаIэмкIэ,ар республикэр къэгъэнауэ Кавказ Ищхъэрэм щыIэ апхуэдэ Iуэхущ1апIэ нэхъыжьхэм ящыщу.

ПщащэджыжьыкIым школ пщIантIэм щыззэхуэсат зи нэгум гуфIэгъуэ кьрих еджакIуэ цIыкIухэр, егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр, жылэм дэс нэхъыжьыфIхэр. Абыхэм я гуфIэгъуэ зэхьхьэм мыгувэу кьахуеблэгъащ хьэщIэ лъапIэхэр: КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**, УФ-м и Президентым и лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэрымкlэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Вербицкий Алексей**, КъБР-м и Парламентым и лIыкIуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым щIыIэ **Къэжэр Альберт**, республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 **Гертер Иван**, абы и къуэдзэхэу **Абрэдж Iэдибгъ Уянаев Казимирэ**, КъБР-м Президентым и администрацэм и унафэщI **Жамборэ Владимир**, депутатхэр, министрхэр.

Хабзэм тету, махъсымэбжьэрэ дэлэнрэ яIыгъыу къыдэкIыжа апэжьэу къыгъэзэлIэгъэ иужь, зэIущIэ гуапэр кьызэIуихащ Лэскэн районым и къуэдзэ **Бажэ Дотий**. Абы кьыхигъэщащ еджапIэщIэр кьызэрызэIуахыр анзорейдэсхэм я дежкIэ икъукIэ гуфIэгъуэшхуэу зэрыщытыр икIи кьызэхуэсахэм махуэшхуэмкIэ ехьэхъуащ.

Адэкlэ япэу псалъэ ираташ райониым и раис-Iиманэ **Къунаш Заурбий**. «Нобэ республикэ псом и махуэшхуэщ, - жиIащ абы. - Iуэхугъуэ зыбжанэ щыдогъэлъапIэ щIыналъэм. Муслымэнхэм хьид махуэшхуэхэмкIэ сынывохъуэху, гуфIэгъуэ зэхьхьэ псоми фIыгъуэ Тхьэм кьытхудиГъакIуэ».

(КIэухыр 2-нэ нап.).

НапэкIуэцIым ит сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Зыужьыныгъэм и лъабжьэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

- Мыбдежым дэ зэи зыщыдгъэгъупщэркъым республикэм и зэфIэкI псори къигъэлъэгъуэн, езым къищта полномочиехэр нэсу игъэзэщIэн папщIэ, лъэщу зызыужьа, зэпIэзэрыту лажьэ экономикэ иIэн зэрыхуейр. Властымрэ унафэщI IэнатIэхэмрэ зэкIэлъыхьауэ ирагъэкIуэкI Iуэхухэм, ди цIыхухэм я къэмылэнджэж лэжьыгъэм я фIыгъэкIэ, республикэр финанс-экономикэ кризисым къикIыфащ икIи экономикэм зэпIэзэрыту зезыгъэужьыну хэкIыпIэхэр къигъуэтащ. Илъэс кIуахэм псэукIэр къызэзыгъэпэщ IэнатIэхэм щызэфIэдгъэкIахэр мащIэкъым. Псом ящхьэращи, ди адэжьхэм я щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыхъумэныр, ди цIыхухэр зыузэщIыныгъэ лэжьыгъэм тегъэгушхуэныр зэдгъэхъулIащ. Республикэм зэрызиужьынум и программэ гъэпса дызэриIэм пщэдейрей махуэмкIэ фIэщхъуныгъэ къытхелъхьэ. Илъэс гъунэгъухэм экономикэм шэщIауэ зиужьын икIи ар и лъабжьэу ди мурад нэхъыщхьэр - цIыхухэм я псэукIэр хэпщIыкIыу егъэфIэкIуэныр, абыхэм я зэIузэпэщыныгъэр Урысейм и щIыналъэ нэхъ зызыужьахэм нэгъэсыныр - зэдгъэхъулIэн хуейщ. Демократиемрэ экономикэ лъэщымрэ я лъабжьэ быдэу, къыхэтха гъуэгум дытету Къэбэрдей-Балъкъэрыр щIэр и гъуазэу зэрыдухуэну къару, зэфIэкI, ерыщагъ къызэрытлъыкъуэкIынур си фIэщ мэхъу. Си псалъэм и кIэухыу хуит сыкъэфщI фэри, зэрыщыту ди лъэпкъ гъуэзэджэми махуэ лъапIэмкIэ сывэхъуэхъуну, дэтхэнэ унагъуэми, республикэм и дэ тхэнэ цIыху ми узыншагъэ быдэ, мамыр гъащIэ, ефIэкIуэныгъэ яIэну сызэригуапэр яжесIэну, - захуигъэзащ Къанокъуэ Арсен къызэхуэсахэм.

ЗэIущIэм къыщеджащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэр илъэс 90 зэрырикъур щагъэлъапIэм ирихьэлIэу республикэм и Президентым и цIэкIэ къагъэхьа хъуэхъу телеграммэхэм.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэр ягъэб жыфIащ Мэзкуу и театрышхуэм и солистхэу УФ-м щIыхь зиIэ и артистхэу Рудаковэ Ларисэ, Гали Марат, Музыкэ мкIэ театрым и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ, «Кабардинка», «Балкария», «Нал цIыкIу» ансамбль цIэрыIуэхэм.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Жылэр зыщIэхъуэпса еджапIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

- Си гуапэу сыкъеблэгъащ фи гуфIэгъуэ зэхыхьэм, - жиIащ **Къанокъуэ Арсен**. - Сабийхэм щIэныгъэ къызыщIахыну еджапIэщIэ къызэIупхыным нэхъ Iуэхугъуэфl сыт щыIэ?! Сэ сыщыгъуазэщ мы Iуэху дахэр фэ куэд щIауэ фи хъуэпсапIэу зэрыщытым, иджы ар нахуапIэ хъури, иджырей мардэхэм тету ящIа еджапIэщIэм Анзорейм и щIэблэм щIэныгъэ щызрагъэгъуэтыну Iэмал къалъыкъуэкIащ. Иджы абы щеджэну ныбжьыщIэхэм егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр, нэхъыжьхэр къызэрыфщыгугъыу фыкъыщIэкIыну, ехъулIэныгъэхэр фиIэу щIэныгъэ лъагэ зэвгъэгъуэтыну фи къалэн нэхъыщхьэщ. Фэ фи къуажэм цIыху цIэрыIуэ куэд къыдэкIащ, согугъэ абыхэм я Iуэхум пызыщэнухэр мымащIэу мы еджапIэм и гъэсэнхэм къахэкIыну.

Нобэ республикэм псэукIэр щегъэфIэкIуэнымкIэ лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI, ауэ егъэджэныгъэм и фIагъыр къэIэтынымкIэ ди Iэр къызыпемыкIуэкI куэд къанэу къыщIэкIынщ. А Iуэхум нэхъ жыджэру дытелажьэу, ди ныбжьыщIэхэм иджырей зэманым къигъэув мардэхэм езэгъыу щIэныгъэфI ябгъэдэлъхьа зэрыхъуным дыхущIэкъун хуейщ. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым Iуэхугъуэфl куэд къытхудэкIуащ. ДяпэкIи абы къигъэувхэр гъэзэщIа зэрыхъуным иужь дитмэ, шэч хэлъкъым республикэм и егъэджэныгъэ IэнатIэм ехъулIэныгъэфIхэр зэриIэнум.

Дэтхэнэ зы адэ-анэми я хъуэпсапIэр я быныр насыпыфIэ хъунырщи, сынывохъуэхъу фи щIэблэм щIэныгъэ лъагэ ябгъэдэлъу, гъащIэм езым я увыпIэ щаубыдыжауэ флъагъуну, егъэджакIуэхэми ехъулIэныгъэ фиIэу гъэ еджэгъуэщIэр ефхьэкIыну си гуапэщ.

АдэкIэ республикэ УнафэщIым жиIащ къуажэм къыщыдыхьам абы дащIыхьа ухуэныгъэщIэхэм гу зэрылъитар, жылэм и псэукIэр зэрефIакIуэр, къапщтэмэ, зэман кIэщIым къриубыдэу Анзорейм игъуэта зыужьыныгъэм арэзы къызэрищIыр икIи къыхигъэщащ адэкIи Iуэхуфlым къыпызыщэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыным кIэ дэIэпыкъуэгъу къазэрыхуэхъунур.

- Школыр - ар сабийхэм я унэ етIуанэщ, абы къекIуалIэ псори зы унагъуэм хуэдэу зэкъуэтщ, - жиIащ **Къэжэр Альберт**. - Апхуэдэу щымытуи хъунукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ сабийм нэхъыбэу зыщиужьыр еджапIэрщ. Япэ классым кIуэ цIыкIухэм нобэ фи гъащIэм щывоч лъэбакъуэ нэхъыщхьэр икIи ар насып гъуэгуанэм и пэщIэдзэу къыщIэкIыну Тхьэм жиIэ. Апхуэдэу мыбы щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэт псоми сынывохъуэхъу фи егъэджакIуэхэр, адэ-анэхэр, нэхъыжьхэр зэрыгушхуэн щIэблэ узыншэ фыхъуну. ЕгъэджакIуэхэм я къалэныр тыншкъым. Ди къэкIуэнур зыухуэну щIэблэр зэрыхъунумкIэ жэуаплыныгъэ нэхъыбэ зи пщэ къыдэхуэр фэращ икIи къалэн гугъум мыIейуэ фыпольэщ. Сэ фIы дыдэу сощIэж япэ классым щегъэжьауэ школыр къэзухыху сезыгъэджа дэтхэнэ зы егъэджакIуэри. Нобэ сиIэ ехъулIэныгъэм я нэхъыбэри абыхэм я дежщ щыслъагъур икIи сыт щыгъуи абыхэм фIыщIэ яхузощI. Узыншагъэ, ехъулIэныгъэ фиIэу фи лэжьыгъэм фыпэрытыну сынывохъуэхъу.

Анзорей щыщ хьэрычэтыщIэ **Щоджэн Мухьэмэд** къыщыпсалъэм, я жылэм къыхуащIа гулъытэм папщIэ КъБР-м и Президентми Правительствэми фIыщIэ яхуищIащ, гъэ еджэгъуэщIэмкIэ егъэджакIуэхэми сабийхэми ехъуэхъури, зэгуэр езым къиуха школым ноутбук иритащ.

Анзорей къуажэ администрацэм и унафэщI **Къэжэр Светланэ** псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ еджапIэщIэр ухуэным зи гуащIэ хэзылъхьа псоми икIи адэкIэ и гугъу ищIащ жылэм и социально-экономикэ гъащIэм, псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIэ зэфIагъэкIахэмрэ адэкIи къапэщылъ къалэнхэмрэ кIэщIу къытеувыIащ.

- Жылэм и тхыдэм къыхэнэну махуэ угъурлыщ нобэ, - жиIащ КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**. - Саугъэт лъапIэ къыфхуащIащ къуажэм, абы и лъэныкъуэкIэ фIыщIэ хуэфащэщ республикэ УнафэщIым. Къыхэгъэщыпхъэщ Къанокъуэ Арсен президент къулыкъум зэрыпэрыт илъэси 6-м къриубыдэу егъэджэныгъэ IэнатIэм хэпщIыкIыу зэрызиужьар. А унэтIыныгъэр республикэм и Президентым сыт щыгъуи япэ иригъэщу, ар егъэфIэкIуэным и гуащIэ хилъхьэу апхуэдэщ. Абы и щыхьэтщ иужьрей илъэси 6-м егъэджэныгъэ Iуэхущ IапIэу 21-рэ республикэм къызэрыщызэIуахар.

ХьэщIэхэр IэнэщIу къазэрыхуэмыкIуар къыхигъэщэри, министрым еджапIэм тыгъэ хуищIащ интерактивнэ доскауэ 2.

Ухуэныгъэхэр езыгъэкIуэкIа «Куэшей» фирмэм и унафэщI **Куэшей Наталье** ныбжьыщIэхэм гъэ еджэгъуэщIэр узыншэу ирахьэкIыну ехъуэхъури, щIэныгъэм и унэм и IункIыбзэIухыр район администрацэм и унафэщI Мэкъуауэ Арсен иритащ.

- Республикэм и унафэщIхэм районыщIэм сытым деж и гулъытэ къытхуащIу апхуэдэщ, - жиIащ **Мэкъуауэ Арсен**. - ЕджапIэщIэр къуажэдэсхэм я дежкIэ тыгъэ лъапIэщ, ар куэд лъандэрэ ахэр зыщIэхъуэпсти. Апхуэдэ Iуэху щхьэпэр тхузэфIэзыгъэкIа республикэ унафэщIхэм фIыщIэ фхудощI.

Район унафэщIри а махуэм саугъэткIэ жумартт. Абы еджапIэм тыгъэ яхуищIащ иджырей мардэхэм хуэкIуэ макъамэ IэмэпсымэгуфIэгъуэ махуэм и щIыхькIэ КъБР-м и Президентми домбеякъым къыхэщIыкIа шы сурэт иритащ. Къанокъуэ Арсен апхуэдэ гулъытэ къызэрыхуащIамкIэ фIыщIэ ищIри, и саугъэтыр текIуэныгъэщIэхэм, ехъулIэныгъэхэм я нэщэнэу еджапIэм къахуигъэнащ.

ЕджапIэщIэм и япэ уэзджынэр кърагъэуащ КъБР-ми Парламентым и лIыкIуэу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым щыIэ **Къэжэр Альберт**, депутатхэу **ЛIыхъугу Хьэжмуридрэ Кебеков Владимиррэ**, мы гъэм япэ классым кIуа **Умэ Миланэ** сымэ. Абы и ужькIэ Мэкъуауэ Арсенрэ еджапIэм и унафэщI Мэкъуауэ Мусэрбийрэ еджапIэм и IункIыбзэIухыр зэIэпахри, хьэщIэхэр школым щIыхьащ.

ЕджапIэм ущIыхьэмэ, нэм илъагъур умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым. Сыт и лъэныкъуэкIи иджырей мардэхэм тету яухуа еджапIэм и класс пэшхэр инщ, нэхущ. Мыбы хэтщ зыхуей псомкIи къызэгъэпэща спортзалышхуэ, шхапIэ.

Къанокъуэ Арсен илъэгъуахэмкIэ зэрыарэзыр къыхигъэщри, лэжьыгъэр тэмэму зэфIэзыха ухакIуэхэр я къалэным зэрыпэлъэщам папщIэ фIыщIэ яхуищIащ.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэр концерткIэ зэхуащIыжащ.

ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Школ нэужьым къызэхуэсахэр

Республикэм и махуэшхуэ нэхъыщхьэ дыдэм - КъБР-м и Къэралыгъуэр илъэс 90 зэрырикъум - теухуа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм ящыщ зыт фокIадэм и 1-м Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм и гупэ утым щекIуэкIар. «Си республикэ, си Урысей» фIэщыгъэцIэм щIэту къызэрагъэпэща, театр теплъэ зиIэ сабий махуэшхуэм зыкъыщызыгъэлъагъуэри еплъри школакIуэ ныбжьым ит щIалэ, хъыджэбз цIыкIухэрт.

НАЛШЫК къалэ дэт курыт школхэмрэ гимназиехэмрэ сыхьэти 9-м щIидзэу щекIуэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэм къикIыж цIыкIухэр нэжэгужэу хуэм-хуэмурэ къыщызэхуэсащ утым. Ящыгъ фэилъхьэгъуэщIэхэр, яхэлъ лентI хужьхэр, яIыгъ шар щхъуэкIэплъыкIэхэр зэрагъэапщэурэ зыщыгуфIыкIыж цIыкIухэм зыгъэпсэхугъуэ пIалъэр щиухынур къахуэмыгъэсу пэплъа хуэдэт.

Абыхэм ЩIэныгъэм и махуэмкIэ ехъуэхъуну, гъэ еджэгъуэщIэм трагъэгушхуэну зэIущIэм кърихьэлIащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Налшык къалэ администрацэм я лIыкIуэхэр, адэ-анэхэр.

НыбжьыщIэхэм защыхуигъазэм, КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Дорохинэ Лидие** жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэр илъэс 90 зэрырикъур, Налшык къалэ къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 287-рэ зэрыхъур, ЩIэныгъэм и махуэр зэгъусэу лъахэм зэрыщагъэлъапIэр.

- Нобэ хуэдэу дыгъэпсу, хуабэу, дахэу гъэ еджэгъуэщIэм и дэтхэнэ махуэри ефхьэкIыну, еджакIуэхэм ехъулIэныгъэрэ узыншагъэрэ фиIэну, егъэджакIуэхэмрэ адэанэхэмрэ шыIэныгъэ фхэлъыну си гуапэщ, - пищащ Дорохинэм.

Сабий творчествэмкIэ республикэ унэм зыщызыгъасэ къэфакIуэ ансамблхэм, уэрэджыIакIуэ ныбжьыщIэхэм концертыр ягъэдэхащ, къызэхуэсахэр я лъэгу щIагъэплъащ «Асса», «Кавказ пшэплъхэр», «Глория» творческэ гупхэм.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Билан Димэ уэрэд жеIэ.

ЦIыхухэм я гукъыдэжыр къеIэт

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэр илъэс 90 зэрырикъум иращIэкIа гуфIэгъуэ зэIущIэхэм ящыщ зыт фокIадэм и 1-м ЗэгурыIуэныгъэм и утым щызэхаша концерт гукъинэжыр.

ЦIЫХУ куэд щыпэкIу утыкум уиплъэну гухэхъуэт. Сабий цIыкIу дыдэхэм щыщIэдзауэ зи ныбжь хэкIуэтахэм я деж щиухыжу псоми гукъыдэж яIэт, гуфIэр я нэгум кърихырт. «Сыту фIы мы щIыпIэм дызэрыщыпсэур, мамырыгъэр дызэриIэр, щIэблэ узыншэ къызэрытщIэхъуэр» гупсысэр куэдым я нэгум къищырт. Лъэпкъ макъамэхэм гуп-гупурэ зэхуишэса щIалэгъуалэм я къэфэкIэм удихьэхырт, гушхуэныгъэ къыпхилъхьэрт.

Сыхьэт 18-м траухуа концертым утыку къыщихьащ ар езыгъэкIуэкIахэу Ащхъуэт Ритэрэ Жаникаев Мыхьэмэтрэ. Ахэр гуапэу ехъуэхъуащ къызэхуэса псоми, зэIущIэр къызэзыгъэпэщахэми, «къызэралъхурэ» илъэс 90 хъу ди республикэми мамырыгъэ, гуфIэгъуэ яIэну, ефIэкIуэну зэрагуапэр къыхагъэщащ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, утыкум щыжаIа уэрэдхэм я нэхъыбэр Къэбэрдей-Балъкъэрым, абы и щIыпIэ дахэхэм, и цIыху гуащIафIэхэм ятеухуат. Ди республикэ щIэращIэр зэраIэт апхуэдэ уэрэд удэзыхьэхкIэ концертыр къызэIуахащ КъБКъУ-м уэрэдымрэ къафэмкIэ и «Амикс» театрым и артистхэм. Утыкур ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэхэу КъуэщIысокъуэ Роксанэ, «Амик с» гупым щыщхэу ЦокIыл Азэмэтрэ Хуламханов Къайсынрэ, Царикаев зэшыпхъухэу Альбинэрэ ФатIимэрэ, Иярэ, Теппеев Алим, Аппаев Ислъам, Жаникаев Елдар, Бий Аслъэн сымэ.

УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиIэ я артист, «Евровидение-2009» зэпеуэм щытекIуа Билан Димэ и концерт щхьэхуэт зэIущIэм и етIуанэ Iыхьэр жыпIэкIэ, ущыуэнукъым. Сыхьэтищым нэблагъэкIэ екIуэкIа пшыхьым и зэхуэдитIым артист цIэрыIуэм уэрэд куэд щыжиIащ, и утыку итыкIэм дихьэх щIалэгъуалэр къызэщIиIэтэу.

Билан уэрэд жыIэныр зэпигъэури, утыкум кърагъэблэгъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президент **Къанокъуэ Арсен**.

- Ди республикэм и цIыхухэми абы и хьэщIэхэми фIэхъус фызох! - къыщIидзащ абы и псалъэхэм. - Нобэ махуэшхуэу 3 зэтрихьащ: ЩIэныгъэм и махуэр, Налшык къалэм и махуэр, КъБР-м и Къэралыгъуэм и махуэр. Дэтхэнэ зыми гулъытэ щхьэхуэ хуэфащэщ, ар къызыгурыIуэу зыкърезыгъэхьэлIа псоми фIыщIэшхуэ фхузощI. Ди щIыналъэр къулейщ цIыху цIэрыIуэхэмкIэ, зэчиифIэхэмкIэ. Абы дригушхуэу, ди щхьэр лъагэу тлъагъужу, пщIэ зыхуэтщIу дыпсэуну си гуапэщ.

ЦIыхухэм фIыуэ ялъагъу и уэрэдхэмкIэ пшыхьыр Билан Димэ зэхуищIыжащ, «куэд мыщIэу сыкъыфхуеблэгъэжынщ» псалъэхэмкIэ я дэрэжэгъуэр къиIэтри.

Дахащэу, пщыхьэщхьэ уэгур щхъуэкIэплъыкIэ щIэращIэу зэщIигъэблащ махуэшхуэ хьэрэкIытIэм.

ИСТЭПАН Залинэ.

«Iуащхьэмахуэ и Кубок»-р Ингушым макIуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэс 90 зэрырикъур щагъэлъапIэ махуэм, фокIадэм и 1-м, Налшык и шыгъэжапIэм «Iуащхьэмахуэ и Кубок»-р къэхьыным теухуа 6-нэ дунейпсо зэпеуэ щекIуэкIащ. Бысымхэм къищынэмыщIа, абы хэтащ Ростов областым, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Шэшэн, Ингуш республикэхэм я лIыкIуэхэр.

ЯПЭУ ЩIЫЗЭПЕУАР КъБР-м и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ, Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академием и саугъэтырщ. Ар сом мини 100 хъурт. АрщхьэкIэ абы и куэдагъым иджыри апхуэдизкIэ зэрыхагъэхъуам и хъыбар зэпеуэм и пэ къэIуащ. А унафэр зыщIар республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Къаздэхъу Альбертщ. Арати, метр 1600-м къыщызэдэжахэм я деж бжьыпэр щиубыдащ «Малкэ» шы заводым и шыбз Ифрэ. Мастер-тренерыр Алокъуэ Аслъэнджэрийщ, шууейр Хьэмыз Къазбэчщ.

Налшык къалэ и цIэкIэ ягъэува сом мини 100 хъу саугъэтым папщIэ зэпеуащ илъэситI хъу хуарэхэр. Метр 1600-рэ зи кIыхьагъ гъуэгуанэр къэзыжа шыхэм къахэжэныкIащ Орландэ хакIуэр. Ар зейр ВэрылI Владимирщ. Тренер-мастерыр Сыжажэ Тимурщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и шыхъуэхэм я саугъэтыр зэрыхъур сом мин 50-т. Метр 1000-р псом нэхърэ нэхъ псынщIэу къижри, бжьыпэр иубыдащ Стрелок шыгъажэшым. Мастер-тренерыр КIуэкIуэ Хьэрэбийщ, шууейр Шыкъ Астемырщ. Мы зэпеуэм хэтахэщ илъэси 2 хъу адыгэшхэр.

Республикэм и Президентым и саугъэтыр еплIанэт. Ар къэзыхьым хуагъэуват сом мин 350-рэ. Метр 2000-р псом нэхърэ нэхъ псынщIэу къижри, бжьыпэр иубыдащ Велф шыгъажэшым. Мастер-тренерыр Алокъуэ Аслъэнджэрийщ, къэзыгъэжар Къэжэр Алимщ.

Етхуанэу иризэныкъуэкъуащ КъБР-м и Парламентым игъэува саугъэтым. Ар сом мини 100 хъурт. Мы зэпеуэм щытекIуащ Скарлет Скай шыгъажэшыр. Мастер-тренерыр Бахъуэ Мухьэмэдщ, шууейр Албэрды Анзорщ.

Еханэ шыгъажэр траухуат «Iуащхьэмахуэ и Кубокыр» къэхьыным. Метр 2400-рэ къэзыжахэм хуагъэува саугъэтыр сом мин 300 хъурт. Псом япэ ищыныр хузэфIэкIащ Таргим хуарэм. Мастер-тренерыр Балъкъэр Хъусенщ, къэзыгъэжар Суханов Денисщ. Шыр зейр Ингушым щыщ Мальсагов Тимурщ.

Ебланэ зэпеуэм хэтыныр къалъысащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и саугъэтым щIэбэнахэм. Метр 2800-р къызэзынэкIа шыгъажэшхэм ятекIуащ Этграф хакIуэр. Мастер-тренерыр Балъкъэр Хъусенщ, къэзыгъэжар Пщыкъуэ Амирщ.

КъБР-м къэралыгъуэ щигъуэта махуэм и цIэкIэ ягъэува саугъэтыр сом мин 200 хъурт. Мы къэгъэжэгъуэр яужьрейт. Метр 3200-р къызэзынэкIа шыхэм бжьыпэр щиубыдащ Соул Экт хуарэм. Ар щалъхуар «Волгоград» шы заводырщ. Мастер-тренерыр Бахъуэ Мухьэмэдщ, шууейр Албэрды Анзорщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, шыгъажэшхуэр иухыху мы щIыпIэм макъамэ дахэхэр къызэрыщыIуар, цIыхухэм зыщагъэпсэхун тIысыпIэхэр удзыпцIэм Iэхуитлъэхуиту къызэрыщрагъэувэкIауэ щытар. Псом хуэмыдэу шыгъажэм кърихьэлIахэм гуапэ ящыхъуащ Налшык дэт хьэлвэ заводым и унафэщI Къудэлы Мухьэмэд къахуригъэша псыIэфI, квас, нарзан хуэдэхэр пщIэ щIамыту пэрыхьэту зэрыщыIар.

АРУАН Пщымахуэ.

ШУМАХУЭ Аннэ Сыхьэт и пхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ. Куэдрэ сымэджа нэужь, фокIадэм и 2-м дунейм ехыжащ Шумахуэ Аннэ Сыхьэт и пхъур.

Аннэ Сыхьэт и пхъур Налшык къалэм къедза Вольнэ Аул жылэм 1928 гъэм къыщалъхуащ. Налшык дэт педучилищэр, пединститутыр, иужькIэ ВЛКСМ-м и ЦК-м деж щыIэ Комсомол школ нэхъыщхьэр къиуха нэужь, ар хахащ комсомолым и Налшык къалэ комитетым и етIуанэ секретару. ЩIэныгъэфI зэрызригъэгъуэтам, цIыхухэр зэрызэщIигъэуIуэфым гу лъатэри, иджыри ныбжьыщIэ дыдэу ар ягъэувауэ щытащ Налшык къалэ исполкомым и унафэщIым и япэ къуэдзэу, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм къызэгъэпэщыныгъэ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщIу. Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэужьу абы и гъащIэм къыхэнащ Къэрал лъэпкъ библиотекэм и унафэщIу зэрыщытар. Ар а IэнатIэм пэрытащ 1961 гъэм къыщыщIэдзауэ 1994 гъэ пщIондэ. А илъэсхэм республикэм библиотекэхэм икъукIэ зыщаужьащ. Къэрал лъэпкъ библиотекэр Совет Союзым, иужькIэ Урысейм я апхуэдэ IуэхущIапIэхэм щынэхъыфIхэм хабжэу зэрыщытам Шумахуэ Аннэ Сыхьэт и пхъум и фIыгъэшхуэ хэлъщ.

Республикэм и IуэхущIапIэ псоми езыхэм я библиотекэхэр яIэж хъун папщIэ Шумахуэ Аннэ куэд зэфIигъэкIащ. Абы и унафэм щIэту Налшыки куейхэм я центрхэми къыщызэрагъэпэщауэ щытащ IуэхущIапIэ нэхъыщхьэм епха библиотекэхэр. Абы Iэмал къитащ къалэхэм, къуажэхэм я щIэджыкIакIуэхэм нэхъыфIу Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ.

Шумахуэ Аннэ и чэнджэщкIэ библиотекэм, щэнхабзэм хуэлэжьэным цIыхуищэхэм я гъащIэр траухуауэ щытащ.

Мылэжьэжу тIысыжа нэужьи Шумахуэ Аннэ республикэм и жылагъуэ гъащIэми хуэфащэ увыпIэ къыщигъуэтыжауэ щытащ.

Сабий фонд къызэрагъэпэща нэужь, хуэмыщIауэ псэу унагъуэхэм защIэгъэкъуэным зи лэжьыгъэр теухуа комиссэм хыхьащ, КъБР-м и ЦIыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и президиумым хахауэ щытащ. Аннэ Сыхьэт и пхъум и лэжьыгъэм пщIэшхуэ хуащIащ, абы хуагъэфэщащ цIэ лъапIэхэр: «Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБАССР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», иратащ «ЩIыхьым и Дамыгъэ» орденыр, медалхэр, «Комсомолым фIы дыдэу зэрыщылэжьам папщIэ» бгъэхэIу дамыгъэр, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и щIыхь тхылъхэр.

Шумахуэ Аннэ Сыхьэт и пхъум и фэеплъ нэхур сыт щыгъуи дигу илъынщ.

Къанокъуэ А. Б., Чеченов А. А., Гертер И. К., Жамборэ В. С., Абрэдж I. Хь., Уэрсей Ф. Т., Ацкъан Р. Хь., Берд Хь. А., Бозий Н. М., Вэрокъуэ В. Хъ., Дэхъушокъуэ М. И., Емуз А. Гъу., Жаным Р. М., Жэрыкъуэ Б. Хь., Жыджэт А. А., Зумакулов Б. М., Кабардиков М. Н., Канунников А. Д., Къарэмырзэ Б. С., КхъуэIуфэ Хь. Хь., НакIэ Е. Н., Рахаев А. И., Сэбаншы Р. Къ., Саенкэ Т. В., Сыжажэ В. Хъу., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. КI., Умэ С. А., Уянаев К.Хь.-М., Федченкэ Л. М., Фырэ Р. Б., Хьэгъэс З. А., Черкесов Г. М., Шорэ Р. Ч., Шурдым Ю. Хь., Щхьэгъэпсо С. Хь., Ерчэн Т. Хъу., Ефэнды Дж. Къ.

КУЗЬМИН Валентин Григорий и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэм хэщIыныгъэ ин игъуэтащ. 2011 гъэм шыщхьэIум и 31-м илъэс 87-м иту, куэдрэ хьэлъэу сымэджа нэужь, дунейм ехыжащ Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я союзым хэт, Хэку зауэшхуэм и ветеран Кузьмин Валентин Григорий и къуэр.

Кузьмин Валентин Григорий и къуэр 1925 гъэм шыщхьэIум и 30-м Киев къалэм къыщалъхуащ. 1943 гъэм ар дзэм ираджащ. Зауэ хуэIухуэщIэхэм щыхуагъэхьэзыр еджапIэр къиуха нэужь, нэмыцэ фашистхэм езэуащ, уIэгъэ хьэлъи хъуауэ щытащ.

Зауэ нэужьым Кузьмин Валентин Налшык къалэм къэIэпхъуащ икIи щэнхабзэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылэжьащ. ГуащIэрыпсэу щIалэгъуалэм и школыр, зэрылажьэм хуэдэурэ пединститутыр къиухащ. 1948-1958 гъэхэм Налшык дэт курыт школхэм урысыбзэмрэ литературэмрэ щригъэджащ. А лъэхъэнэм ирихьэлIащ абы литературэм щича япэ лъэбакъуэхэри. 1958 гъэм Кузьмин ирагъэблэгъащ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм. Ар илъэс 16-кIэ абы щылэжьащ художественнэ литературэмкIэ редакцэм и унафэщIу. 1974 гъэм Кузьмин В.Г. хахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм жэуап зыхь и секретару. А IэнатIэм ар пэрытащ 2001 гъэм пенсэ кIуэху.

Къэбэрдей-Балъкъэрым зи гъащIэри творческэ лэжьыгъэри пыщIауэ щыта Кузьмин Валентин, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа урыс тхакIуэр, прозаик лъэщыр, зэдзэкIакIуэ Iэзэр, республикэм и художественнэ интеллигенцэм зи цIэр къыхэна цIыхущ. Хэку зауэшхуэм хэтарэ егъэджэныгъэ IэнатIэм и щэхухэм щыгъуазэу ар литературэм хыхьащ. Апхуэдэ дуней еплъыкIэм зыкъомкIэ иубзыхуащ абы и къалэмыпэм къыпыкIа тхыгъэхэр зытеухуар. Абыхэм я лIыхъужь нэхъыщхьэр Хэкум и къыщхьэщыжакIуэ хахуэхэрщ, зи зэфIэкIхэмкIэ щалъхуа щIыналъэр бей зыщI щIалэгъуалэрщ. Абы и повестхэу «Галочка», «Без отца», романхэу «Мы с Сергеем», «Мой дом – не крепость», «Своя ноша», «Трамвай издалека», рассказхэр, очеркхэр, эссехэр къыхобелджылыкI пэжагъкIэ, тхакIуэр гъащIэм и зэхэлъыкIэм фIыуэ щыгъуазэу зэрыщытымкIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и литературэм и ехъулIэныгъэхэр цIыхубэм щызэлъащIысыным и къару мымащIэ ирихьэлIащ Кузьмин Валентин. Абы урысыбзэм къригъэтIэсащ адыгэ, балъкъэр тхакIуэ куэдым я тхыгъэхэр. ТхакIуэ цIэрыIуэм и гуащIэм лъабжьэ хуэхъуахэм ящыщщ адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я лъэпкъ IуэрыIуатэр. Кузьминщ зэзыдзэкIар икIи литературэ жыпхъэм изыгъэувар бгырыс хъыбарыжьхэр. ИужькIэ ахэр «Нарты», «Сокровище нартов», «Золотая крупинка», «Сказки седых гор», «Горские сказки» тхылъ щхьэхуэхэу къыдэкIащ.

Кузьмин Валентин литературэ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ зэчиифIэт, зэфIэкI лъагэ зиIэ редакторт. Ар и къаруи и зэмани щысхьакъым литературэм къыхыхьэ щIалэгъуалэр гъэсэнымкIэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм жэуап зыхь и секретару лажьэу, ар щытащ СССР-м и Литературэ фондым и уполномоченнэу икIи тхакIуэхэм мылъкукIэ защIэгъэкъуэнымкIэ Iуэху куэд зэфIигъэкIащ.

Кузьмин Валентин къыхуагъэфэщауэ щытащ Хэку зауэшхуэм и орденым и I нагъыщэр, медалхэр, щIыхь фIыщIэ тхылъхэр. Абы къыфIащауэ щытащ «УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр.

Кузьмин Валентин щытащ лъэпкъхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэр зыгъэбыдэ, унагъуэ дахэ зиIэ цIыху телъыджэу, ныбжьэгъу пэжу, щIалэгъуалэм я унэтIакIуэ щыпкъэу. Кузьмин Валентин Григорий и къуэм, тхакIуэм, хэкупсэм и фэеплъ нэхур игъащIэкIэ ди гум ихункъым.

Къанокъуэ А.Б., Чеченов А.А., Гертер И.К., Жамборэ В.С., Абрэдж I.Хь., Аттаев Ж.Ж., Ацкъан Р.Хь., Бегиев А.М., Бозий Н.М., Бицу А.М., Болтыханов Ф.В., Вэрокъуэ В.Хъ., Додуев А.Т., Жаным Р.М., Жылэтеж С.Хь., Зумакулов Б.М., Зумакуловэ Т.М., Къэрмокъуэ М.М., КхъуэIуфэ Хь.Хь., Котляров В.Н., Къумахуэ М.Л., Мэзыхьэ Б.Б., Макитов С.И., Мэз С.С., НакIэ Е.Н., Опрышкэ О.Л., Пащты Б.С., Рахаев А.И., Саенкэ Т.В., Созаев А.С., Тау П.КI., Темыркъан Б.Хь., Тхьэгъэзит З.М., Тхьэзэплъ Хь.М., Уянаев К.Хь.-М., Фырэ Р.Б., Хьэгъэс З.А., ХьэкIуащэ А.Хь., ХьэфIыцIэ М.М., Шыхъуэбахъуэ М.Хь., Елгъэр К.М., Ерчэн Т.Хъу., Ефэнды Дж.Къ., Яропольскэ Г.Б.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр, КъБР-м и ТхакIуэхэмрэ Журналистхэмрэ я зэгухьэныгъэхэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» республикэ газетхэм я редакцэхэр, «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэр, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и лэжьакIуэхэр филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ХьэкIуащэ Андрей Хьэнащхъуэ и къуэм** хуогузавэ абы и **къуэ Аслъэн** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» республикэ газетхэм я редакцэхэр, «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр мэщыгъуэ «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент **Белухинэ Валентинэ Федор и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу икIи абы и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ.

«Адыгэ псалъэ» республикэ газетым и лэжьакIуэхэр КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Жыласэ Заурбэч Щэлэуат и къуэм** хуогузавэ абы и анэшыпхъу **Жамбэч (Хъуэст) Чэзибэт Шухьиб и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Нэхущ Заур-

● Дифі догъэлъапІэ

Щыхум кьыпэплъэр кьэІуэтэгъуейщ. Нобрей щытыкІэм зэуэ зиІыгъэзу, гъащІэм и арахъиІэ Іуфы-дыпІэшІэм и кІуачІэ дыдэм ар щІэдей кьыхуэгъэкІэ хъунущ. Си гупсысэм, Іуэху еплыкІэм, кьэхъукьащІэхъи хуэІэ бгъэдыхьэкІэм куэдкІэ зезыгъэхъужыну щыхум щІэх дыдэ сыхуэзэну ильэс тІощІ и пэкІэ кьыжяІэзэгъэм, кьысфІэІуэхуну кьыщІэкІын-гъкъым. Ауэ гъащІэр кьыехуэпсэрщІэр, кьэрал Іуэхуэхьэ Іущ, ди республикІэмк, абы и адрыщІкІи щыщІэрыІуэ Нэхущ Заурбий щыхучъэ сыхуэщІащ.



Нэхьащхьэм и депутату щытащ.

1997 гъэм сэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и етІуанэ хэхыгъэм и депутату сыхахащ. Абы щыгъуэ ар палатитІу - Республикэмкі Советэ зэхэтт. Нэхущ Заурбий эпыымууэ лажьэ палатэм - Республикэмкі Советым - и тхьэмадэт. Абы и депутат 36-ри я хэхахІуэхэр кьыщІагъэгугъа Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр зэрызэфІахьнымк Іущ. Абыхэм кьадэхьэІуэну, зэуэрыбгъэІуэну, зы гупсысэм хуэпщэну тынштэкъым.

- Ар политик Іущщ, жьжьаплъэщ, зэпІэзэрыгъщ. Щыхугъэщхуэ зыхъэлъ унафэщІ Іэкъ Іуэдъакьі Іуэну. Нэхущ Заурбий КъБР-м и Парламентым Республикэмкі и Советым и УнафэщІ щыхьуа щІыхьэхэм лъэпкъ зэщІэхъееныгъэхэр ди дежь щызэщІэплъат, абы кьыхэкІыу, мыхьэнэщхуэ зиІэ Іуэхугъуэхэм унафэ езэгъэрабгъу кьаухэзгъэтпхъэт. Абы бгъэдэлъ зэфІэкІым и фІыгъэкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентымрэ Правительствэмрэ Унэм кьэдгъэкІыжащ. Адыгэбзэр, балъкъэрыбзэр, урысыбзэр абыкІэ къэралыбзэу къалъытащ. А законым лъэпкъ зэщІэхъееныгъэхэр кьигъэщбгащ. Апхуэдэу дэ къэтщащ «Шынагъэуншагъэм и Іуэхуэкъэ», «Экстремист хьэгъэщагъэхэр кьыхэпыуныр, щІэныгъэкІыныр, Іуэхукі» законхэр, нэгъуэщІхэр. Ахъи псори 90 гъэхэм я пэщІэдзэхэм республикэм щыІа жьлагъэуэ-политикэ щытыкІэр зэрахъуэжащ, ЩІыпІэ зиІэ, абыуи Іуэхуэхэм яфІри я Іейри нэ жанкІэ къэзыпхъуэтэф политик Іэзэущ, - жеІэ КъБР-м и Парламентым и апэ - ещанэ хэхыгъэхэм я депутату щытащ, иджы республикэм и хабзэгъэуэ Іэнатіэ нэхьащхьэм и унафэщІэм и чэнджещІэгъу Дадэ Суфдин.

УФ-м и Къэрал Думэм щыхэтамэ, и акъыл жанры зыхуигъэзэжьар щІыхуэбгъщ, республикэм и сэфэн зыхьлъэхэр пхыгъэкІыныр.

2000 гъэм Нэхущ Заурбий «ЩІыхь» орден къыратащ дамыгъэ лъапІэр зыкъыагъэфэщащ, а илъэс дыдэм Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу хахащ. Ар дзыхьыбзэхуэт, жэуаплныгъэ ин зыпІыль къалэнт. ГъащІэм и пІалъэ зыщІэ Нэхущыр еуваліэр, а лэжьыгъэр илъэсихкІэ зрихьэкІащ, Іуэрыу щхьэпэ куэд зэфІихащ, япэкІэ ипэкІуэтащ.

ЩІэныгъэщхуэ зыбгъэдэлъ, гуапагъэр къызэрыкІ, гупсысэ узынщхэр зи Іэпэгъу Нэхущ Заурбий, сыт хуэдэ кьылыкъу ящыгъами, и Гумэр и псэкІэ етауэ бм яхуэлажьащ, социальэ тКІия гъэр кьэгъэщэбэнщ, лъэпкъэм я зэныбжьэгъуегъэр гъэбыдэнщ, мамыр гъащІэр и лъабжьэу республикэм зегъэзэщІыным и гъащІэхуэ хилъхьащ, нобгъ зыгъэгъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралгъэущ илъэс 90 зэрырикъуу мы махуэхэм Іэтауэ догъэлъапІэ. Республикэм и лъэпкъыбэм абы фІыгъуэ, насыпэ, зІуэзэпщынгъэ къаухуэкІыуэну си гуапэщ. Ди блэкІам пщІэ хуэтщІу, ди нобгэр тфІэлъапІэ, ди пщэдейм гугъэфІхэр хуэзэпытщІу дыкъызэдгъэІуэкІмэ, Нэхущ Заурбий хуэдэу, ди щыналъэм и цІэр фІыкІэ зыгъэІуну цІыху щыпкъэ хуэдэ къыхэкІыну щэч хэлъкъым.

БАЖЭ Дотий,
КъБР-м и Парламентым и етІуанэ хэхыгъэм и депутату, законхэр убыхуныжкІэ, хабзэр къызэгъэпэщыныжрэ щІыпІэ самоуправленэмкІэ комитетым и унафэщІэм и къуэдзэу щыта.

Тхьдэм урилъэжмэ...

● Жыжьэ - гъунэгъу

ОРДЕНИПЛІ зезыхьэ ди республикэм Къэралгъуэзэ зэригъэтрэ блэкІа илъэс 90-р ІуэхугъэзэщхуэхэмкІэ гъэнщІауэ щытащ. Тхьдэр щыхьэт Зэрытехъущ, Совет властыр зэрыуву, ди щыналъэр зыужьынигъэм и гъуэгум тёхьащ. ПсэукІэщІэм хуэжьджэгум, жэщ-махуэ ямыІэу щІыхубзэр абы тепажьэт. А лъэхъэнэм республикэм сэбэпышхуэ кьыхуэ зкъащ Мэзкуу, Ленинград, Ростов, Харьков, Ярославль кьалэхэм, нэгъэзащІ щыпІэжэм щыщ рабочэхэр, инженерхэр, егъэджакІуэхэр, дохутырхэр, щІэныгъэлІхэр, Заводэр, фабрикэхэр, электростанцэхэр ухуэ ным, школхэр, сымаджэщхэр кьыеэІухьным, гъэгъуэгъэр щыным ахэр емыгъэшу хэпыкфІыкІыр т. Индустриализацэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и теплъэм кьыпхуэ-мыщІыхужьыну зригъэжьуэжат. Ящэ илъэситхум и зыкъэ предприятэщІэу 44-рэ республикэм щагъэжьжат Автоном областым и къэрал промышленностым псори зэхэту продукцэу кьыщІигъэкІын и процент 85,5-р абыхэм хуэзэрт. А лъэхъэнэм Совет Союзым промышленнэ продукцэу щагъэхьэзэрым процентэ 103,5-кІэ хэхьуамэ, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым процент 605,4-р щыхъэрт.

20-30 гъэхэм областым щаухуат Налшык лы комбинатыр, Іэфіыкіэ фабрикэр, крахмал, Гидроме талургт, Дохьэшыкьуей спирт заводхэр, Бахьсэн Г ЭС-р, Кавказ Ищхъэрэм щынэхь ин дыдэ щІакъуэу комбинатыр, промышленность псынщІэм, орыс промышленностым я ІуэхущІапІэхэр. Псори зэхэту а илъэсхэм лажьэу я ятІыпщащ предприятэу 778-рэ, абыхэм ящыщу 57-р къэралым еупщІ. Щыхубзэ хозяйствэм хэхьэуу кьыІэрыхьэм и процент 70,9-р областым и промышленностым кьитырт.

«ЩІыхьым и Дамыгъэ» орденыр зезыхьэ «Налшык машинэ завод» ОАО-р республикэм и предприятэ нэхьыжьдыдэхэм ящыщІ. Абы и лъабжьэр щагъэтІылъар 1928 гъэрщ. Заводыр щыгъи щагъавэ кьудамэ зыхэт механикэ лъэщапІэт. Предприятэм и къыщІигъэкІырт ГЭС щыкІуэм папщІэ турбинхэр. Щрагъэлъаныж щагъэуэ ящыщ и плитахэр, тебэхэр щащІырт, зауэ нэхъыбэ машинэхэр щІэзэрагъэпэщыжьырт, жьыхуэкІэ кьыщІащІагъэкІырт. ЛІэщІыгъуэ блэкІам и бгъущІ гъэпщІондэ Налшык машинэ заводым СССР-м бжьыпэр щІыІыгъащ щІыдагъэм зэрелэжь, фІагъэшІуэу зиІэ Іэмэпсымэхэр щІыныкмІэ. Аехр нэгъуэщІ кьэралкІэ куэдми щІэхуэрт.

Къэбэрдей-Балъкъэрэр зэрыгуэшхуэ щыта Тырныауэз вольфрам-молибден комбинатым гуащІэдэдэ щыІэ гъэнщІа гуимыхуэж напэкІуэцІэр ди республикэм и тхьідэм дыщэпскІэ хитхащ. Щыху мини 6,5-рэ щылажьэ предприятэ лъэрызехьэм Іуэхущапі э мини 10-м ящІагъэ а цІуугъэнэхэмкІэ кьыІэрригъэпщІащ. 1934 гъэм ирагъэжьауэ щыта комбинатым Совет кьэралгъуэм и промышленностым и зыужьынымрэ хэльхьэныгъэшхуэ хуиІэщ.

Республикэм и гидроэнергетикэм и тхьідэм увыпІэ нэхьыщхьэ щыебыд 1936 гъэм фокІадэм и 20-м ятІыпщащ Бахьсэн ГЭС-м и апэ гидроагрегатым. А къэхъукьащІэ гъуэгуанэ ящІ Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я энергетикэ системэм и зыужьынымрэ и щІэдзапІэр, ди республикэм и социально-экономикэ гъащІэм и Іэнатіэ псоми кьыщыхъуэ зэхьуэкІыныгъэ инхэм я лъабжьэр. «Гъавгидростроий»-м и Іэтащхэ, академик Винтер Александр Бахьсэн ГЭС-р зэрырагъэжьам теухуауэ я «Правда» газетым мыпхуэдэу щитхыгащ: «Налшык и этІэгорсетьжьым Іэрыкьащ гидростанциящІэм и апэ токыр икІи кьалэн зэуэ зыкьыкъэбзащ, нэхур бзий мин бжьыгъэ абы кьыщыблащ. Кьедза куейхэм, псоу япэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и теплъэм зихьужьыкІыну, зыужьынымрэ щІэдзапІэ хуэхъуну щытащ колхоз нэхьыфІэр ягъэг ушхуэну, пашэхэм я зэфІэкІыр эхуІыщІыу ящІыну. АпхуэдизкІэ яхэту Кировым и цІэкІэ щыІэ (Зенкьыуэ кІу.), Андреевым и цІэкІэ щыІэ (Кэнже кІу.), Калмыкым и цІэкІэ щыІэ (Щэджэм Ищхъэрэ кІу.), «Пятилетка» (Псыгэнэсу кІу.), «Ленинцы (Новэ-Иванповскэ кІу.) колхозхэр зэкрайм и ЩІыхь пхъэбгъуэ иратхаягъ щытащ. А илъэс дыдэм и дыгъэгъаэзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и колхозхэт 27-м къэрал дамыгъэ лъапІэ-хэр кьыхуагъэфэщащ. Абыхэм ящыщу звеновод Мысосэ тыщхуэ Былэ, колхоз тхьэмадэ Кьуий БатІэ, бригадир Яковенкэ Михаил сымэ Лениным и орденыр. 1937 гъэм и мазаем республикэм кьыІэрохьэ я Іуэхуэмэ Іэнатіэм щыжьыджэр ди лэжьакІуэ 28-рэ зэрагъэпажэм теухуа хьыбар гуапэ. Абыхэм ящыщу, фермэ унафэщІэ эу Тхьэлыджокуэ Матіэ (Альтуд кьу.), Гурдыгуэ Башир (Къэрэгъэш кьу.), Джэду Бэчмырзэ (Зэрэгъыж кьу.), шыхьэжэу Частуев Абдулыхь (Балъкъэр Ищхъэрэ кьу.), Шэкэр Му сэ (Шэджэм Ищхъэрэ кьу.), Тогуэгей Батий (Арщыдан кьу.), Нэхущ Тэмашэ (Кьуулыкъущхи Ипщэ кь.у.), Къэгъэзэж Билал (Жэмтхьэзэ кьу.) сымэ Ленин орден кьыхуэгъэфэщат.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэ хьэлъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІалэрэ хьэдыжьэбзу мин 60-м щІигъу фронтым Іуташ. Къагъэлъэгъуа лІыгъэмрэ хахуагъэмрэ я капэкІуэу, 25-м Совет Союзым и ЛІыхъужь цІэ лъапІэр кьыфІащащ, мин 14-м къэрал дамыгъэ лъапІэхэр кьратащ, 6-м «ЩІыхь» орденым и нагъыщищри кьыхуагъэфэщащ.

60 - 80 гъэхэм ди республикэм екъулІэныгъэшхуэхэр ящащ. А илъэсхэм яухуащ «Севкавэлектроприбор», «Телеавтоматикэ», «Ілемаханикэ», «Электровакуум», «Севкавреннтет» промышленнэ предприятэ инхэр, «Вольт льагэ», «Вольт мащІэ» заводхэр, ерыскъы промышленностымрэ промышленность псынщІэмрэ я Іэнатіэщ Іэу пщы бжьыгъэхэр, Іыгъ ЕЭВ кьеІэлъІэныжмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым 30-рэ Совет Союзым бжьыпэр щиубыдащ.

ЩытыкІэм сыт хуэдизу зихьужьэкъами, а лъэхъэнэм кьуриубыдэу ди цІыху гуащІафІэхэм зэфІагъэкІамрэ къраехьэлІа лэжьыгъэщхуэмрэ КъБР-м и Къэбэрдей-Балъкъэрым и блэкІам, ІуэхуэгъэщхуэхьэкІэ гъэнщІа и тхьідэ кьулейм игащІэкІэ кьыхэнэщІ, вагъуэ мыжьыхьыжу щІэбзэм яхуэбгэнэщ.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

Махуэщ Іэ къэс

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Бекъан Масирэт

Ныбжьыщ Іэм и зыныкъуэм гулыт-тэмэ, щІэблэм яб-гъэдэлъ гъэсэныгъэм хуэнабдзэгубдзаплъэмэ, сабийхэм щІэныгъэ егъэгъэуэтыныр и цІыху и унагъуэ Іуэхум япэ иригъащ зэпытмэ - араш егъэджакІуэ нэкІэ зэджэр. Гъэсэныгъэм, ауэ а Іэщ Іагъэм щыхуигъэщІа цІыхум ар заищІэу дыдобгаІуэ. Апхуэдизу дыдобгаІуэ. Апхуэдизу дыдобгаІуэ, ауэ ар зэщІэу щыхуигъэщІа цІыхум ар Іэщ Іагъэм и Іэщ Іагъэ.

МАСИРЭТ и зэфІэкІыр республикэ псом къыщалъытащ, щытхъу куэди къыхуагъэфэщащ. Абы щыхьэт хуэщІа а бзылъхугъэм «КъБР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ» щІэлъапІэр къыхэзыфІащари, «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ екІуэкІа зэпеуэм лауреат щыхъуу, сом мини 100 къызэрыратари, Москва лъэпкъыбзэхэмкІэ щекІуэкІа зэпеуэм япэ увыпІэр къыхэзыгъэщари, щытхъу, фІыщІэ тхьыльэ куэд зэриІэри.

Апхуэдизу Масирэт и Іуэхур зэрыгъэхьами, игу зыхуэзэгъэжу тІысыжьакъым Масирэт, атІэ и лъэжьыгъэм щІэщыгъуагъэ зэрыхилъхьэным, иригъаджэхэм бзэр нэсу захириГэщІэным яужь итщ.

Пэжщ, Іэщ Іагъэр къыщыхэпхым и дежь абы хэлъ гугъуехь псоми ущыгъуэзэкьым. Ауэ ар нэхъ кууэ зэфІэкІыгъуэ укъызыгъэІуэнымкІэ, уи гумрэ уи псымрэ нэхъри кьыдыхьэу хуежьэмэ, абы укъыхуигъэщІауэ аращ. Апхуэдизщ Масирэт и Іуэхур зэрызыхьэр. КьарэмэхьэлІэ кьуажэм дэт курыт еджапІэ №1-м щыщІэсым ГъуэзэІ хуэхъуащ Социалист Лъхьэшъэм и ЛІыхъужь Къамбий Мухьэбэрэ абы и лэжьэгъуэмрэ я Іуэху зехьэкІэр, абыхэм кьыбгъэдалъхьа щІэныгъэщ Іэ. Жэуаплныгъэ нэхьыбэ пылъу я Іуэхуэм адэкІэ езышэлар и адэ къуэш Кугъуэт Лолщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьыхуагъэкІыу Іэнатіэм пэрыхьа нэхъь, ар зэрихьэжькІи зы Іэщ Іагъэм нобгэр кьыздэсым кьыкъуэгупсэкъым. Уеблэмэ, егъэджакІуэу зэрылажьэм и мызакъуэу, Масирэт кьыдигъэкІащ пщІэдзэ классхэм зэрыщІагъаджэ тхьылъ гъэщІэгъуэнхэр, димыльэпкъэгъу сабийхэм адыгэбзэ зэрыгъащІэ программэ зэхилъхьащ.

Апхуэдизу и кьару емыблэжу зэрылажьэрщ и ешхуІэныгъэхэр кьыхуэзыхьари. Масирэт ящыщу «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ япэ дыдэу игъэпэжажэм.

- Лъэпкъ проектым и гугъу ящІу япэ дыдэу телевизоркІэ щІэзэхэсам, ди дежь зэн къэмысыну си гугъащ. Ятіанэ республикэм ар кьыщІэсым, ар ящІэрэ зэфІэзэн зэрыгъэсыну кьысфІэщІырт. АрщхьэкІэ, си лэжьэгъуэхэм я жэрдэмкІэ зэпеуэм сыхагъэхьэри, лауреат сыхъуащ. Кьапщтэмэ, лэжьыгъэм утезыгъэгушхуэ кьару нэрымылъагъу гуэр кьыпхэлъхьэ абы. Нэхъ уригъэгугъууи кьыщІэкІынущ. Я гпахуэу зэрымащІэм щыэкІи кьэмынэу, зи Іэнатіэм гуроэ псэкІэ пэрыт, сабийхэм щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдэлъхьэным зи гъащІэр хуэхэзых егъэджакІуэхэр кьызэрыхьыфыщ а зэпеуэм нэхъыщхьэу хэслъагъэуэр. КьышщІэмэщІыуэ, ар кьызэрежьэрэ куэд я лэжьыгъэм нэхь егугъу зэрыхуэм гу лъыстащ. Сом мини щэ кьыхьыж Іэщ Іагъэкі кьызэрымыкІуэхэр егъэджакІуэм кьызыкъуихмэ, ар зи сэбэнщ щылажьэ щІыкІуэрэ, - кьыддогуашэ егъэджакІуэр.

Махуэ хъэс сабийхэм яхэт Бекъан Масирэт Іуэху бгъэдэлъхьэным зи щІэх-щІэхуэкІуэ зэрыгупсысыр, ар и лэжьыгъэм хепщэф. Ешы и закъуэу къигъэсэбэн мыхъуу, республикэм и егъэджакІуэ куэдым я стІолым тельщ абы и Іэдакъэщ Іэкіэр, я дерсхэм кьыщагъэсэбэну.

Масирэт цІыху хэфІэгуфІэщ, хьэлэлщ, псэ кьабзэщ. Арагъэнщ и щхьэкІи, и Іэщ Іагъэкіи насыпыфІэу зыщІилъытэжыр. НасыпыфІэ уимыщІэмэ, кьыпэкІуэ хьерыр гуро псэкІэ зыхьумыщІэтэмэ, махуэщІэ къэс уи щІэщыгъуэу захэтыфынт щІэблэм?!

ШЫПШ Даниэ.

Къатхъэн Назир

КъАТХЪЭН Назир Адэлдэжрий и къуэр Псыхъуэрей къуажэм дэс мэкъумэшышІэ унатІуэм 1891 гъэм кьыщалъхуащ. Илъэсий ныбжьым иту ар щагъэзэІысхьат я кьуажэ мэкджьым и мыдрисэм. Абы хьэрпыбзэкІэ кьеджэфу щрагъэсауэ аркъуедийщ. Ар хуеят кьызэджэ псалъэхэм хэмарыкІэхэми щыгъуазэ захуищІынуи, Куэщрокъуэ мыдрисэм (иджырей Кэнжэ) щІэтІысхьащ.

А еджапІэри кьиуха нэхъь, Бахьсэн къэкІуауэ, Къатхъэн Назир щыкІуэгъэ кьыхуохьу зи ныбжькІэ щІалэ, жэрдэм куэд кьызыпкрыкІ Щагъуэ Нурий. Назир псынщІэу кьыгуроІуэ езыр зыхуеят егъэджакІуэм и къэзригъуэтар - Нурий адыгэбзэри, хьэрпыбзэри зэхуэдэу фІыуэ ищІэрт, астрономери, математикэри, географиери, нэгъуэщІ дерсхэри иригъэджырт.

А щІэныгъэ псоми къыщынэмыщІа, Къатхъэн Назир зригъэгъуэтауэ щытащ реальнэ училищэм и класситхэри. 1918 гъэм и гъэмахуэм щІондэ абы Бахьсэн зита духовнэ семинариием, нужьыкІэ Пашшэ и реальнэ училищэм щригъэджащ. А гъэращ ар революцэм пыщІа бэнэныгъэм щыхьыхьари. 1918 гъэм фокІадэм и 22-м Къатхъэн Назир зи унафэщІ, щыуеят 1400-рэ зыхэт дзэм Налшык нубыду, абы дэса «Пъэпкъ Советым» щІэлъа дзэ хуежьыр зэбгриуха нэхъь, абы и отрядым кьыфІащащ «Революцэм и Щэрихьэт полк» цІэр. Иужькіэ абы кьыгуагъэхьэжащ шууеят полк зыбжанэ, лъэсыдзэ полки щІыгъуэу, уеблэмэ партизан отрядхэри кьыхуцІагъэжащ, топхэмрэ пулемет 200-рэ кьрагъэкІри. Къатхъэнымрэ зи унафэщІ дзэр хьэщ Щэрихьэт колоннэ лъырызехьэ.

Къатхъэн Назир зи Іэтащхэ колоннэр лІыгъэшхуэ хэлъу зауэ Іэнатіэм зэрыпэрытым кьыхэкІыу, ВЦИК-м и президиумым и лІыкІуэхэу: Дагъыстаным кьыбгъэдэкІыу Скачков А., Щэшэным - Арсанов С., Осетие Ищхъэрэм - Дзамповымрэ Калоевымрэ, Ингушым и лІыкІуэу Котиев Б. сымэ, нэгъэущІхэми Іэ щІадзри, Москва ирагъэхьат. «1918, 1919, 1920 гъэхэм зэрихьа лІыгъэщхэм Къатхъэн Назир Іэзэрэ, Іэщ Іагъэрэ, Плъыжьым и орденыр кьыхуэгъэфэщынымк щІэлъэІуэху. Къатхъэн Назир революцэм хуабжьу лэжьыгъэщхуэ хищІыкьащ, аращ абы и Іэщ Іагъэ зэрыщІэту зыпыщІауэ щытар.

Ар зи унафэщІу щыта І-нэ ударнэ совет щэрихьэт колоннэр кьызэригъэпэщауэ щытащ 11-нэ армэм и штабым, Къатхъэн Назир и жэрдэмкІэ, 1918 гъэм Урысеим и Ипщэ щІыналъэм Чрезвычайнэ комиссару щыІа Орджоникидзе Серго и арэзыныгъэ хэлъу. А щэрихьэт колоннэм и пащхьэ къыратэурэ къаІэн псори щІыхь пылъу игъэзащІэрт.

1918 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Налшык округым и цІыхубзэм я VI съездым Къатхъэнныр щыхахащ Палшык окружной щІыхьэ Советым, абы и исполкомым и президиумым ия къатхъащ.

Зауэ гуащІэ куэдым хэтащ Къатхъэн Назир, ар зи пашэ дзэхэри. 1919 гъэм и щэкІуэгъуэм щІондэ ар Щэшэным щыІащ, дзэ хужьхъэм езауэу. А зэманым Ведено хэщІапІэ зыкуухуа Къэбэрдей-Балъкъэр полкыр Шатой ягъакІуэри, Гикало Николай и отряд пльыжьым хагъэхьэ жат. Абыхэм я ГъусащІ Къатхъэн Назир.

Нэхъ ижьыйуэкІэ РКП(б)-м и Кавказ щыналъэ комитетым и унафэкІэ Кьалмыкъ БестІал я пашэу Къэбэрдей-Балъкъэр ревком кьыхэрагъэпэщащ. А ревкомым хагъэхьащ Къатхъэн Назир.

Къэбэрдей автоном областыр кьызэрагъэпэща нэхъь, ар КъБАО-м и ЦИК-м хэтащ, ЦИК-м и лэжьакІуэ-мэкъумэшыщІэ инспекцэм и лІыкІуэщ. Ар лІыкІуэу щыІащ КъуэкІыпІэм и лъэпкъым я апэ съезду Баку щекІуэкІам. 1922 гъэм Къатхъэныр Советхэм я Хъурсейпсо, І союзпсо съездхэм, нэхъ ижьыйуэкІэ - СССР-м и Советхэм я III съездым и депутату хэтащ.

1924 гъэм щыпІэдзауэ 1928 гъэ пщІондэ Къатхъэн Назир Москва щыпсэуащ. 1924 - 1925 гъэхэм ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэу ВЦИК-м и Президиумым щыІащ, 1926 - 1928 гъэхэм Кавказ Ищхъэрэм и лъэпкъ республикэхэм я промышленностымкІэ я уполномоченнэу СССР-м и ВСНХ-м щыІэжьащ.

Беслъэней Хьэбалэ

БЕСЛЪЭНЕЙ Хьэбалэ Жанхъуэт и къуэр и къуэр 1886 гъэм Абей къуажэ (Урожайнэ) кьыщалъхуащ. Ар пасэу кьэнащ анэнэщ. Щалэ щІыкІуэр, и ныбжьыр ильэсипсэ фІэкІа мыхъуауэ, и адэм Павлодольскэ станицэм ишэри, и щІыхугъэ гуэрым деж кьигъэнауэ щытащ, урысыбзэ ирагъэщІэн папщІэ. Илъэсищ зэрыдэдэкІыу абы кьриІыжри, Екатеринградкэ станицэм дэс и ныбжьэгъу кьэзакъым иритащ. Абы щыІэу Хьэбалэ школри кьиухащ, ныбжьэгъу Іэджи игъэтащ.

1905 гъэм и ныбжьыр илъэс 20 ирикъуауэ, Хьэбалэ я къуажэ кьигъэзэжри, кьуажэ правленэм писару лэжьэн щыщІидзащ. Ауэ мыгувэу кьыщІэлэтащ апэ революцэр. Ар къэзыІэтахэм я пІэныкъуэу уваш Хьэбалэ. А зэманым Джылахьстэнэйм зыкъыщызыІэта мэкъумэшыщІэхэм я Іэтащхэм Беслъэнейр быдэу яныщІат.

1918 гъэм. Совет властыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыува нэхъыкІэ, Хьэбалэ хах Налшык и окружной щІыхьэ Советым. Абы кьыдэгъэзэгъуэну щІэныгъэхэр зыІыгъэ Совет властым и телъхьэхэр зэзыщІауэ Советым пэщІэзгъэувэнымкІэ. Абы и унафэм щІэт дзэр лІыгъэщхуэ ия къэзыщІ. Ар Совет властым и къэзыщІ Къэбэрдей-Балъкъэрми, Къэбэрдей-Балъкъэрми, Осетие Ищхъэрэми, Щэшэнми, Ингушми.

Граждан зауэм и лъэхъэнэм Беслъэней Хьэбалэ лІыгъэшхуэ зэкъым зэригъэльэгъуар. Абы и щапхъэ куэд щыІэщ. Кавказ Ищхъэрэм хуэныкьыдзэр ирахуукІыу, ар зы махуэ щІэзэхэсам, ди дежь зэн къэмысыну си гугъащ. Ятіанэ республикэм ар кьыщІэсым, ар ящІэрэ зэфІэзэн зэрыгъэсыну кьысфІэщІырт. АрщхьэкІэ, си лэжьэгъуэхэм я жэрдэмкІэ зэпеуэм сыхагъэхьэри, лауреат сыхъуащ. Кьапщтэмэ, лэжьыгъэм утезыгъэгушхуэ кьару нэрымылъагъу гуэр кьыпхэлъхьэ абы. Нэхъ уригъэгугъуи кьыщІэкІынущ. Я гпахуэу зэрымащІэм щыэкІи кьэмынэу, зи Іэнатіэм гуроэ псэкІэ пэрыт, сабийхэм щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдэлъхьэным зи гъащІэр хуэхэзых егъэджакІуэхэр кьызэрыхьыфыщ а зэпеуэм нэхъыщхьэу хэслъагъэуэр. КьышщІэмэщІыуэ, ар кьызэрежьэрэ куэд я лэжьыгъэм нэхь егугъу зэрыхуэм гу лъыстащ. Сом мини щэ кьыхьыж Іэщ Іагъэкі кьызэрымыкІуэхэр егъэджакІуэм кьызыкъуихмэ, ар зи сэбэнщ щылажьэ щІыкІуэрэ, - кьыддогуашэ егъэджакІуэр.

Махуэ хъэс сабийхэм яхэт Бекъан Масирэт Іуэху бгъэдэлъхьэным щІэх-щІэхуэкІуэ зэрыгупсысыр, ар и лэжьыгъэм хепщэф. Ешы и закъуэу къигъэсэбэн мыхъуу, республикэм и егъэджакІуэ куэдым я стІолым тельщ абы и Іэдакъэщ Іэкіэр, я дерсхэм кьыщагъэсэбэну.

Масирэт цІыху хэфІэгуфІэщ, хьэлэлщ, псэ кьабзэщ. Арагъэнщ и щхьэкІи, и Іэщ Іагъэкі насыпыфІэу зыщІилъытэжыр. НасыпыфІэ уимыщІэмэ, кьыпэкІуэ хьерыр гуро псэкІэ зыхьумыщІэтэмэ, махуэщІэ къэс уи щІэщыгъуэу захэтыфынт щІэблэм?!

ШЫПШ Даниэ.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм Малъхъэдис

● Адыгэ пащтыхьхэр

Бэрысбей (Наурзокъуэ) Ашраф Сейфеддин сулъТIаныр
(1422 - 1438)

НАУРЗОКЪУЭ Бэрысбей сулъТIан Беркъукъу и блыгуIэту щытащ, Беркъукъу и къуэ пащтыхь Фэрэдж и псы зехьэу Iутащ. Абы хэтурэ зауэлIу щэ бжыгъэхэр Iэщалъхьащ, итIанэ зауэлI 1000-м я унафэщI хьуащ. СулъТIаным и къуэдзэу Дамаск ягъакIуэри, щIынальэр зыхуэей хуигъэзащ, абы кIыкIыжри, Каир дэсащ пащтыхь тахьтэр Iэщалъхьэхукlэ.

Тхыдэтхэм абы хужаIащ: «...И щхьэ пщIэ хуэзыщIыж пащтыхьт, политик Iэзэт, хьэлкIэ къыззэрыгуэкIт, дахэу зихуэпэну фIэфIт, пащтыхь хабзэхэм хуэсакьырт, фадэ зыIуилъхьэртэкъым».

Бэрысбей и лъэхъэнэм пащтыхь щIынальэр Евфрат псым нэсауэ щытащ. Кипр хьтIыгум и тетыр кьытеуэрэ игъэгуавэртри, и кхъухьщIэр иуэзэри япэщIэуэзу щIидзащ. Кипрым и пащтыхьым жорзехьэхэм я пашэ зищIщ, Александрей кьалэм теуэри, и дзэр махуищкIэ хъунщIэу дэтащ. Махуищ нэужьым дэкIыжащ, гъэр 5.000 яIыгъыу.

А кьытеуэ-нытеуэм сулъТIан Бэрысбей кьигъэгубжьри, и хьдзэлIэхэр нэхьыбэ ищIащ, кхъухьхэм я бжыгъэр 40-м нигъэсащ. 1425 гъэм ахэр иригъакIыжьри, Лимассол кьалэр кьащтащ. Каир кьагъэзэжащ гъэр 1.000-м щIигъу яIыгъыу.

ЕтIуанэ илъэсым Бэрысбей и кхъухьщIэр аргуэру хым тригъэхьащ. Абыхэм жорзехьэ хъунщIакIуэхэм я кхъухьхэр ягъэсащ, я лъэсыдзэр зэтракъутащ, я пащтыхьыр гъэр кьащIащ. Хым щызекIуа и дзэр Каир кьэсыжащ, текIуэнигъэр кьахьауэ, сулъТIанри яхэту, гъэр мин бжыгъи ящIигъуу.

Бэрысбей и пащтыхьигъуэр Мэкхэ, Джиддэ кьалэ хэми нэсат, дыгъэ къуэкIыпIэмкIэ щызекIуэ сату гъуэгуэхэри Iэщlэльт. Ар фIыуэ яурыIуэр т, франджы пащтыхьхэм, уэсмэхэм я сулъТIанхэм. Нобэми Каир кьалэ дэтщ абы ихуэ мэжджыдыр. Ар тетщ Кьанщауэ Гъур и щIэкIэ щыIэ уэрамым. Тхыдэхэм а лъэхъэнэм щыIа пащтыхьхэм я нэхъ хахуэу кьалытащ Бэрысбей.

Бэрысбей дунейм ехьажащ 1438 гъэм. Пащтыхьу тетащ илъэс 18-м нэблагъэкIэ. И ныбжьыр илъэс 60 ирикъуауэ лIэри, пащтыхьыгъуэр езым и куэд, илъэс 14 фIэкIа зимыныбжь Исуф Лъысыжащ. Ауэ ар мазищ фIэкIа тетакъым, дзэпщ Чэкьмакъ тахьтэм трагъэтIысхьащ.

Чэкьмакъ Зэхьир Сейфеддин сулъТIаныр
(1438 - 1453)

ЧЭКЪМАКЪЫР лъэпкьыкIэ адыгэщ, Кавказым кьиз-зышар Хьэуаджэ Кьызылщ. КьулыкъуакIэ дэкIуэтей-уэрэ, тетыгъэужкIэ ныкъуэжьгъуу кьыщыIуэвым, Беркъукъу и кьуэ Фэрэдж кьиубыдри, лъэхъэущым Чэкьмакъыр щIидзащ, зэман дэкIри, кьиутIыпщыжащ. Бэрысбей сулъТIаным и лъэхъэнэм дзэпщу щытащ. Чэкьмакъ и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирикъуауэ пащтыхь тахьтэм тетIысхьащ. Кьыпэрыуэ псори я пIэ иригъэзагъэрри, кьэралыр гупсэхуу зэрихьэу щIидзащ.

Чэкьмакъ щIэныгъэлIэхэм, тхакIуэхэм я зэIущIэхэм хэтыну фIэфIт. Абы и лъэхъэнэм кьэралыр мамыру псэуащ, ибэхэм гущIэгъу яхуищIыт, цIыхубэм яхэтт, езых эм ящыщым хуэдэу. ЩIэныгъэлI е цIыхъ ушхуэ и деж кьушIыхьэмэ, хуэтэджыкIыр, Iэсэу псальэрт, шууэ кьинIухьыну фIэфIт, фадафэтэкъым.

Чэкьмакъ Зауэ-банэ куэд я хэмыту, нэгъуэщI пащтыхь хэм яг урыIуэрт. Кьэжэрри, Азие Цыкlым ис пщыхэми Iэмал кьах уигъэтыфырт. Анэдолэм щытепщэ тыркумэнхэм я пхъуитI кьишэри, малъхъэ яхуэхъуащ. Абыхэм зэпымIууэ тыгъэхэр кьыхурагъэхьырт, я кум дэлъ зэныбжьагъэр зэрахьумэр кьрагъэжьIыу. Езыри ядэIэпыкьуэт, кьыхуаща тыгъэхэм пэжIуэж саугъэт яхуищIэжыр т.

1440 гъэм Андалузием щыIэ м услымэнхэм я гъунэгъу франджыхэр кьащенькIуэжьым, абыхэм я пащтыхь Мухьэмэд и кьуэ Абу Абдулыхь кьыдэIэпыкьуну зэлъэIуар Чэкьмакъщ. СулъТIаным абы и лъэIур хуигъэззэщIащ, дзэ хуимыгъэкIуэфамэ, мылъкукIэ защIигъэкъуащ.

Чэкьмакъ У эсмэн (Iырку) кьэралыгъуэм фIыуэ хущытащ, ар нэхъ иригъэфIэкIуэн щхьэкIи Шах Задэ гуащIэр щхьэгъусэу кьишащ.

Илъэс пщIейм щхьэдэхуэу сымаджэ щыхьум, езым и кьуэ Фэхъруддин Iусман сулъТIан тахьтэм тригъэтIысхьащ (ар зэрытетар махуэ 43-рэщ). Махуэ 12 дэкIри, щIалэм и адэ Чэкьмакъ дунейм ехьажащ.

Чэгъэзыбэ триху, езыр теувэну х этащ хьэлифыр, ауэ ар кьыдэхъуакьым. Пщыхэр зэхуэсри, унафэу кьызэдащтащ Инал тахьтэм трагъэтIысхьэну.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

● Щ1эныгъэ

ЩIДАА-м хагъэхьахэр

ЩIым теухуа щIэныгъэхэмкIэ къудамэм

ЩIДАА-м и действительнэ члену:

1. **Галкин Георгий Александр и къуэр** (Краснодар къ.)

ЩIДАА-м и член-корреспонденту:

1. **Мамбэт Мурадин Мухьэмэд и къуэр** (Черкесск къ.)

Жылагъуэ щIэныгъэхэмкIэ къудамэм

ЩIДАА-м и действительнэ члену:

1. **Ахъмэт СулъТIан Мэжид и къуэр** (Краснодар къ.)
2. **Бетыгъуэн Iэуес Iэбу и къуэр** (Налшык къ.)
3. **Трубилин Александр Иван и къуэр** (Краснодар къ.)

ЩIДАА-м и член-корреспонденту:

1. **ГъукIэпщокъуэ Мурат Хьэсэнбий и къуэр** (Надыщ къ.)
2. **Мэремкъуэ Арсен Нажмудин и къуэр** (Налшык къ.)
3. **Тхьэгъэпсэу Рэмэзан Аскэрбий и къуэр** (Черкесск къ.)
4. **Хьэбэчыр МуIэед Лалу и къуэр** (Налшык къ.)
5. **Хьэкъун ФатIимэт Пщымахуэ и пхъур** (Мейкъуапэ къ.)

Тхыдэ-филологие щIэныгъэхэмкIэ къудамэм

ЩIДАА-м и действительнэ члену:

1. **Бэлагъы-Кьандур Любовь Хьэзэрэталий и пхъур** (Инджылыз, Уиндзор къ.)
2. **Бацэжь Мухьэмэд-Хъер Алий и къуэр** (Иордание, Амман къ.)
3. Гордин Яков Аркадий и къуэр (Санкт-Петербург къ.)
4. **Иуан Зэуал Хьэжы-Мурат и къуэр** (Черкесск къ.)
5. **ПIаз Сергей Умар и къуэр** (Карачаевск къ.)
6. **ПщыгъуэсэАслъэнбэч Хьэжмурат и къуэр** (Налшык къ.)
7. **ТIымыжь Хьэмыщэ Тэркъан и къуэр** (Налшык къ.)
8. **ХъуакIуэ ФатIимэт Налбий и пхъур** (Мейкъуапэ къ.)

ЩIДАА-м и член-корреспонденту:

1. **Дачмыжь Къазбэч ГъущIыпсэ и къуэр** (Мейкъуапэ къ.)
2. **Котляровэ Марие Абрам и пхъур** (Налшык къ.)

ЩIДАА-м щIыхь зиIэ и члену:

1. **Жаклин Дианэ Мосс** (Испание, Кадиз къ.)
2. **Къумыкъу Мамдухь** (Налшык къ.)
3. **КIэрмыт Мухьдин** (Мейкъуапэ къ.)

● Адыдж философхэм я гупсысэхэр

Зауэм и мурад нэхъыщхьэхэр

✎Дахагъэр Тхьэм къыбгъэдилъхьэ тыгъэщ.
✎И лъабжьэр дыдж щхьэкIэ и пыкIэр Iэфщ.
✎Ныбжьэгъугъэр – IэпкьлъэпкьитIым хэт зы псэщ.
✎ЩIыхуэ зытемылъ кьулейсызэр куэдкIэ нэхъ кьулейщ, щIыхуэм щIигъэна бейм нэхърэ.
✎ЩIхьэусыгъуэншэу зыри къэхъуркъым.
✎ГугIуехь ухэмытауэ зыми зебгъэсэфынукъым.
✎Зыгъэпсэхугъуэ зэман диIэн щхьэкIэ долажьэ, мамыру дыпсэун щхьэкIэ дозауэ.
✎ЩIэныгъэр насыпыр зыгъэдахэщ, насыпыншагъэм ущызыхъумэщ.
✎Зауэм и мурад нэхъыщхьэр - мамырыгъэщ.
✎ЦIыхум нэхъыфI дыдэу хэлъыр гъэсныгъэрщ.
✎Дахагъэр зи тетыгъэр щIэщI дыдэ пащтыхьщ.
✎Уи ныбжьэгъуэхэр бий зыхуумыщI, уи бийхэр ныбжьэгъу кьызэрыпщIыным иужь ит.
✎ IуэхущIэхэр занщIэу зэфIэкIыркъым.
✎Акъылым зыри и мыхьэнэкъым, ар цIыхум кьыхуэмысэбапмэ.
✎ Iущагъыр насыпым и анэщ.
✎Игу иримыхь гъэсакIуэм и деж цIыхум зыми зыщыхуигъэсэфынукъым.
✎ ЦIыхухэм я бзэгум фIамыщI пщтыр тельмэ нэхъ кьащтэ, щэху яхьумэ нэхърэ.
✎ЧанджэщэгъуфIыр сыт хуэдэ мылъкум нэхъри нэхъ лъапIэщ.
✎Ныбжьэгъугъэ я зэхуаку дэмылъхъугъэм ёир шынагъуэ зыщIыр и гуакIуагъыщ.
✎Псальэр зыгурымыIуэм, башри хэзэгъэнукъым.

● Теплъэгъуэхэр

Пщащэ гупсысэхэр.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● ГушыIэхэр

Адэшхуэр кьыздэшэ

Егъэджакlуэм:
- Пщэдей уи адэшхуэр кьыздэшэ!
- Си адэра хъунщ узыхуейр, - жи еджакIуэм.
- Хьэуэ, уи адэшхуэращ.
- Сыт си адэшхуэр зэрыпщIынур?
- Уи адэм уи унэ лэжьыгъэхэм хищыкь щыуагъэхэр езгъэльагъунущ.

Абы дынэсакьым

Анэр япэ классым кIуэ ипхъу цIыкIым йоупщI:
- Щырэ пIыырэ зэхэпльхьэмэ, дапщэ кьащIидзыр, Дисэ?
- Блы.
- Блырэ пIыырэ зэхэпльхьэмэ-щэ?
- СщIэркъым, дэ иджыри пщыкIуэым дынэсакьым.

Имыщ1эу ара?

Зэаннэзэкьуэр тыкуэным щIыхьауэ, щIалэ цIыкIур кьопсальэ:
- Мамэ, епльыт, мо лым и щхьэцыр тетыжкъым.
- УмыкIий, Идар, зэхебгъэхьнущ.
- ТхьэмыщкIэ, иджыри кьэс имыщIэу ара щхьэкуий зэрыхьуар?

Псальэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **5.**Адыгэ театрым и джэгакIуэу щыта, РСФСР-м и цIыхубэ артисте Куржым щыщ лъэпкь. **7.** ГъукIэ Iэмэпсымэ. **12.** Псы кIыуа. **13.** Хэтхэ я унэ ... тес? **16.** ... кьурашэ. **17.** Фадэ гуащIэ. **18.** Шыуанышхуэ. **20.** ЦIыхубзыщIэ е Кьуныжь Хьэждал игъэзащIэуэрэд. **22.** Бгы ... **24.** Зи щхьэм имыт, цIыху псынщIэ. **25.** Нэщ исым и пщэдджыжьышхэ. **26.** Кьыщалъхуа щыпIэр зыбгыну-науэ нэгъуэщI щIынальэ щыпсэу. **30.** Пхъэщхьэмыщ-хьэ гуащIэ цIыкIу. **31.** Бахъсэн районым хиубыдэ кьуаджэ. **32.** Куэсэ хьэсэгъу ... **33.** ... вы бжьакьуэм кьокI. **36.** Нарт лIыхьжь. **37.** ФIы зигу кIыпхуимылъ. **39.** Кавказ Ищхьэрэм щыщ лъэпкь. **40.** Я Iуэху дагъэкIын папщIэ хабзэм кьемыззэгъыу, щхэуу ят ахъшэ. **42.** Хабзэм ебакъуэр нэхъапэм зрадзэу щыта мащэ куу. **44.** Фочышэу кьагъэсэбэп бдзапщIэ хъурей цIыкIу. **45.** ... зимыIэм дзажэпкъ иIэщ. **47.** ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **49.** Мыслъымэнэм я махуэ лъапIэ. **52.** Бгыкьу, пкъо хуэдэхэр, апхуэдэу шыкIэпшынэ, пхъэпшынэ кьызыхьжыг быдэ лIэужьыгъуэ. **53.** ПэгунитI фIадэу псыхьэ зэрыкIуэ. **54.** ... бзылтоку.

Къехыу: **1.** Кьэнжал хьку цIыкIу. **2.** БжэIульэ. **3.** Мэлым кьытращыкIа цы щабэ. **4.** ... зэхэдзэ нэхьрэ, Iыхьэ зэхэдзэ. **6.** Нэхъапэм нэгъуэщI унагъуэ иратрэ иратрэ пIу щыта сабийм зэреджэ. **8.** ЩоджэнщIыкIу Алий и уэсзыбжанэм щигъафIэ гъатхэпэ удз шакъафэ-кьащхьуафэ. **9.** ПлыжьыфIм щхьэкIэ апхуэдэуи жаIэ. **10.** Адыгэ лъэпкъым и зы кьудамэ. **11.** Зи нэхэр кууу ис. **14.** Адыгэ таурыхъэм хэт щы лъэрызэхьэ. **15.** Апхуэдэ пэщэгъу зиIэ цIыху щыIэу жаIэ. **19.** Мэш хъуэзэ. **21.** Джыдэм апхуэдэуи йоджэ. **23.** ЦIыхум и гур зэригъэфIгуэр. **24.** Джэду лъэпкъым щыщ ЗыкIэхъхъуэкIэ, кьаплъэным нэхърэ нэхъ цIыкIуу. **27.** МывэкIэ, чырбышкIэ кьэхуэхьа. **28.** МахуэцIэ. **29.** ЩIы кьиуда. **34.** Мэжджытым хэт уаз тыпIэ. **35.** Бгы щIэуда. **37.** ... зытеха кьэбыр ГэфI мэхьу. **38.** Шым, Iэщым я фэр изых бадзэжь. **41.** Нартхэм я гъкIэ. **43.** Бзэгур, жьэ кIуэцIыр зыс. **44.** Iэщ щIэжьей. **46.** Зиш, зи Iэщ ирахужьам кIэлыпIхьэра гуп. **48.** Хъарбызыкум ... кьыдех. **49.** ПыIэ, вакъэ щащIкIэ кьагъэсэбэп щапхъэ. **50.** ... зыхэвэ нэхърэ, бжэн зыхэпкIэ. **51.** Зи кIуэцIыр нэщI, купщIэ зэрымылъ. **52.** Языныкъуэ кьэкIыгъэхэм ятет «мастэ».

Зэхэзылъхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Шыщхьэ1ум и 27-м ди газетым тета псальэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **6.** Бэрбэч. **7.** Жэм. **8.** Лэскэн. **11.** Мэкьут. **12.** Саут. **14.** Дашу. **15.** Ущхъуэ. **16.** Епэр. **17.** Джэш. **19.** Джэд. **22.** Уэтэр. **23.** Дудар. **24.** Дей. **26.** Гугъэ. **30.** Болэ. **31.** Махуэку. **34.** Саур. **35.** «Нан». **37.** Мыщэ. **39.** Гуэзнэч. **40.** Сыдж. **41.** Джэджьей.

Къехыу: **1.** Сэрмакъ. **2.** Дэгъуэ. **3.** Щэращ. **4.** Джэду. **5.** Мэрзэхьу. **9.** Ету. **10.** Псэ. **11.** Мусэ. **18.** Шэрий. **19.** Джэдыгу. **20.** КIэн. **21.** Щам. **25.** Елэн. **27.** Гъасэ. **28.** Тотрэш. **29.** «МуIэед». **31.** Мэз. **32.** Хуэмыку. **33.** Кумб. **36.** Адэш. **38.** Щхьэл.

● Фэ фщIэр?

Сократ и псэлъафэхэр

Сократ (ди эрэм и пэкIэ 469 - 399 гъгъ.) Афинхэм щыщ алыдж философ цIэрыIуэр. Абы и цIэр зыгъэIуар философием кьыщигъэхъуа зэхъуэкIныгъэрщ - дунеймрэ щыIуэпсымрэ кьыпыкIри, цIыхум и хьэлым и зэхэлъыкIэмрэ щыIэкIэ-псэукIэмрэ зэгъэщIэным иужь ихьащ. Сократ философхэр хуиунэтIащ цIыхум и мыхьэнэр кьэхутэным.

Сократ и адэ Софроникс скульптурт, и аны Фенарет фIыгъэльэхуат. И анэ кьилъхуауэ зы кьуэш иIащ философфым - Патрокл.

Сократ Афинхэм я жылагъуэ гъащIэм жыджэру хэлэжьыхьащ, ар хэтащ Пелопоннесс зауэми. Афин политик, дзэзешэ хахуэ Алкивиад и егъэджакIуэу, и ныбжьэгъу нэхъыжьу щытащ ар. Сократ и гупсысэхэр, и псэлъафэхэр ди деж къэзыхьэсар и гъэсэнхэу Платонрэ Ксенофонтрэ я лэжьыгъэхэрщ, мащIэ дыдэу кьыхощ Платон и гъэсэн Аристотель и IдакьэщIэкIхэми.

* * *

Зыгуэрым Сократ зыхуиГьэзат щхьэгъусэ кьишэнкьымышэныж техуэху чэнджэщ щхьэр кьрIыхьну. Сократ жиIащ:

- Узыхуей дыдэр щIэ, тIум щыгъуэми ущIегъуэжьынущ.

* * *

Сократ жиIэу щытащ езыр псэун щхьэкIэ шхэуэ, адрейхэр щIэпсэур шхэн щхьэкIэу.

* * *

Сократ суд тращIыхьыну щыщIащэм, и зы нэхьжьэгъу кьеупщIащ: «Мы Iуэхум щхьэр кьыхэзгъэхын папщIэ жыпIэнухэр бгъэхьэзыра?»

Сократ жэуап итащ: «Си гъащIэ псор зытеухуауэ щытар араакъэ?»

* * *

Сократ Тхьэм зыщыхуигъаэзм и деж фIы кьыхуищIэну щIэлъэIуу арат: а фIым хыхьэхэр езым нэхъыфIу ещIэ.

* * *

Философыр фIыуэ зылъагъу, псэ хьэлэмкIэ кьыбгъэдэт и ныбжьэгъу Аполлодор Сократ жриIащ: «Хуабжьу гуаэ сщохъу кьыумылэжьауэ щхьэпылъэ уащIыну унафэ кьызэращтар».

ЗэрыжалэжьмкIэ, Сократ абы и щхьэфэм Iэ дильэри, жэуапу иритыжат: «Кьэзэжьауэ щхьэпылъэ сащIу щытамэ, нэхъ тыншу бгъэвынут?».

* * *

Сократ бззэрым кIуэуэ телъхэм епльа нэужь, куэдрэ жиIэрейт: «Сыту зыхэпшып куэдыщэ щыIэ, ахэр уимыIэми упсэуфынут!».

* * *

«ФIыуэ сщIэр - зыри зэрымыщIэрщI!» - жиIэрт Сократ.

ШЫПШ Даянэ.

● Адыгэ пащтыхьхэр

Бэрысбей (Наурзокъуэ) Ашраф Сейфеддин сулъТIаныр
(1422 - 1438)

НАУРЗОКЪУЭ Бэрысбей сулъТIан Беркъукъу и блыгуIэту щытащ, Беркъукъу и къуэ пащтыхь Фэрэдж и псы зехьэу Iутащ. Абы хэтурэ зауэлIу щэ бжыгъэхэр Iэщалъхьащ, итIанэ зауэлI 1000-м я унафэщI хьуащ. СулъТIаным и къуэдзэу Дамаск ягъакIуэри, щIынальэр зыхуей хуигъэзащ, абы кIыкIыжри, Каир дэсащ пащтыхь тахьтэр Iэщалъхьэхукlэ.

Тхыдэтхэм абы хужаIащ: «...И щхьэ пщIэ хуэзыщIыж пащтыхьт, политик Iэзэт, хьэлкIэ кьыззэрыгуэкIт, дахэу зихуэпэну фIэфIт, пащтыхь хабзэхэм хуэсакьырт, фадэ зыIуилъхьэртэкъым».

Бэрысбей и лъэхъэнэм пащтыхь щIынальэр Евфрат псым нэсауэ щытащ. Кипр хьтIыгум и тетыр кьытеуэрэ игъэгуавэртри, и кхъухьщIэр иуэзэри япэщIэуэзу щIидзащ. Кипрым и пащтыхьым жорзехьэхэм я пашэ зищIщ, Александрей кьалэм теуэри, и дзэр махуищкIэ хъунщIэу дэтащ. Махуищ нэужьым дэкIыжащ, гъэр 5.000 яIыгъыу.

А кьытеуэ-нытеуэм сулъТIан Бэрысбей кьигъэгубжьри, и хьдзэлIэхэр нэхьыбэ ищIащ, кхъухьхэм я бжыгъэр 40-м нигъэсащ. 1425 гъэм ахэр иригъакIыжьри, Лимассол кьалэр кьащтащ. Каир кьагъэзэжащ гъэр 1.000-м щIигъу яIыгъыу.

ЕтIуанэ илъэсым Бэрысбей и кхъухьщIэр аргуэру хым тригъэхьащ. Абыхэм жорзехьэ хъунщIакIуэхэм я кхъухьхэр ягъэсащ, я лъэсыдзэр зэтракъутащ, я пащтыхьыр гъэр кьащIащ. Хым щызекIуа и дзэр Каир кьэсыжащ, текIуэнигъэр кьахьауэ, сулъТIанри яхэту, гъэр мин бжыгъи ящIигъуу.

Бэрысбей и пащтыхьигъуэр Мэкхэ, Джиддэ кьалэ хэми нэсат, дыгъэ къуэкIыпIэмкIэ щызекIуэ сату гъуэгуэхэри Iэщlэльт. Ар фIыуэ яурыIуэр т, франджы пащтыхьхэм, уэсмэхэм я сулъТIанхэм. Нобэми Каир кьалэ дэтщ абы ихуэ мэжджыдыр. Ар тетщ Кьанщауэ Гъур и щIэкIэ щыIэ уэрамым. Тхыдэхэм а лъэхъэнэм щыIа пащтыхьхэм я нэхъ хахуэу кьалытащ Бэрысбей.

Бэрысбей дунейм ехьажащ 1438 гъэм. Пащтыхьу тетащ илъэс 18-м нэблагъэкIэ. И ныбжьыр илъэс 60 ирикъуауэ лIэри, пащтыхьыгъуэр езым и кьуэ, илъэс 14 фIэкIа зимыныбжь Исуф Лъысыжащ. Ауэ ар мазищ фIэкIа тетакъым, дзэпщ Чэкьмакъ тахьтэм трагъэтIысхьащ.

Чэкьмакъ Зэхьир Сейфеддин сулъТIаныр
(1438 - 1453)

ЧЭКЪМАКЪЫР лъэпкьыкIэ адыгэщ, Кавказым кьиз-зышар Хьэуаджэ Кьызылщ. КьулыкъуакIэ дэкIуэтей-уэрэ, тетыгъэужкIэ ныкъуэжьгъуу кьыщыIуэвым, Беркъукъу и кьуэ Фэрэдж кьиубыдри, лъэхъэущым Чэкьмакъыр щIидзащ, зэман дэкIри, кьиутIыпщыжащ. Бэрысбей сулъТIаным и лъэхъэнэм дзэпщу щытащ. Чэкьмакъ и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирикъуауэ пащтыхь тахьтэм тетIысхьащ. Кьыпэрыуэ псори я пIэ иригъэзагъэрри, кьэралыр гупсэхуу зэрихьэу щIидзащ.

Чэкьмакъ зауэ-банэ куэд я хэмыту, нэгъуэщI пащтыхь хэм яг урыIуэрт. Кьэжэрри, Азие Цыкlым ис пщыхэми Iэмал кьах уигъэтыфырт. Анэдолэм щытепщэ тыркумэнхэм я пхъуитI кьишэри, малъхъэ яхуэхъуащ. Абыхэм зэпымIууэ тыгъэхэр кьыхурагъэхьырт, я кум дэлъ зэныбжьагъэр зэрахьумэр кьрагъэжьIыу. Езыри ядэIэпыкьуэт, кьыхуаща тыгъэхэм пэжIуэж саугъэт яхуищIэжыр т.

1440 гъэм Андалузием щыIэ м услымэнхэм я гъунэгъу франджыхэр кьащенькIуэжьым, абыхэм я пащтыхь Мухьэмэд и кьуэ Абу Абдулыхь кьыдэIэпыкьуну зэлъэIуар Чэкьмакъщ. СулъТIаным абы и лъэIур хуигъэззэщIащ, дзэ хуимыгъэкIуэфамэ, мылъкукIэ защIигъэкъуащ.

Чэкьмакъ У эсмэн (Iырку) кьэралыгъуэм фIыуэ хущытащ, ар нэхъ иригъэфIэкIуэн щхьэкIи Шах Задэ гуащIэр щхьэгъусэу кьишащ.

Илъэс пщIейм щхьэдэхуэу сымаджэ щыхьум, езым и кьуэ Фэхъруддин Iусман сулъТIан тахьтэм тригъэтIысхьащ (ар зэрытетар махуэ 43-рэщ). Махуэ 12 дэкIри, щIалэм и адэ Чэкьмакъ дунейм ехьажащ.

Чэгъэзыбэ триху, езыр теувэну х этащ хьэлифыр, ауэ ар кьыдэхъуакьым. Пщыхэр зэхуэсри, унафэу кьызэдащтащ Инал тахьтэм трагъэтIысхьэну.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

● Усэщ1эхэр

КЪУНЫЖЬ ХьэIишэт

* * *

Илъэс тIощIкIи урикъунщ
Бетон лъагъуэ пщIымэ,
Удэхэр пщIантIэм кьыщыкIыжькъым
Уэсэпс защIэу, пщIыпщIу.
ПщIантIэр пIиткэ защIэ ящI,
Зрагъэщхьу кьалэм.

Ещхьщ сын пхъэбгъур теубгъуа
ДыгъэмкIэ удз кьаплъэм.

* * *

Зы лэгъумпыIэмпIи, еплъ,
фIадзэжкъым
Пхъэдакъэжь мафIэр щыбла жьэгум,
Къазудз ди хьэблэм
кьыщыIыжкъым,
Шыхулъагъуи уафэм кьыщыблэжькъым.
... Шыхулъагъуэ уафэм
щызымылъагъур
Адыгэ закъуэркъым зи лъагъуэр.

● Щ1эныгъэ

Псалъэ

Адыгэ пащтыхьхэр

Бэрысбей (Наурзокъуэ) Ашраф Сейфеддин сулъТIаныр (1422 - 1438)

Чэкьмакъ Зэхьир Сейфеддин сулъТIаныр (1438 - 1453)

Чэкьмакъ Зауэ-банэ куэд я хэмыту, нэгъуэщI пащтыхь хэм яг урыIуэрт. Кьэжэрри, Азие Цыкlым ис пщыхэми Iэмал кьах уигъэтыфырт. Анэдолэм щытепщэ тыркумэнхэм я пхъуитI кьишэри, малъхъэ яхуэхъуащ. Абыхэм зэпымIууэ тыгъэхэр кьыхурагъэхьырт, я кум дэлъ зэныбжьагъэр зэрахьумэр кьрагъэжьIыу. Езыри ядэIэпыкьуэт, кьыхуаща тыгъэхэм пэжIуэж саугъэт яхуищIэжыр т.

1440 гъэм Андалузием щыIэ м услымэнхэм я гъунэгъу франджыхэр кьащенькIуэжьым, абыхэм я пащтыхь Мухьэмэд и кьуэ Абу Абдулыхь кьыдэIэпыкьуну зэлъэIуар Чэкьмакъщ. СулъТIаным абы и лъэIур хуигъэззэщIащ, дзэ хуимыгъэкIуэфамэ, мылъкукIэ защIигъэкъуащ.

Чэкьмакъ У эсмэн (Iырку) кьэралыгъуэм фIыуэ хущытащ, ар нэхъ иригъэфIэкIуэн щхьэкIи Шах Задэ гуащIэр щхьэгъусэу кьишащ.

Илъэс пщIейм щхьэдэхуэу сымаджэ щыхьум, езым и кьуэ Фэхъруддин Iусман сулъТIан тахьтэм тригъэтIысхьащ (ар зэрытетар махуэ 43-рэщ). Махуэ 12 дэкIри, щIалэм и адэ Чэкьмакъ дунейм ехьажащ.

Чэгъэзыбэ триху, езыр теувэну х этащ хьэлифыр, ауэ ар кьыдэхъуакьым. Пщыхэр зэхуэсри, унафэу кьызэдащтащ Инал тахьтэм трагъэтIысхьэну.

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР

Жылаз Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь secretarь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ещIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкь IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къужэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIыхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлэжьнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ щIыхь зиIэ мэхьэнэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ ахэр зытехэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуу зэпыту щытхьым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.
Газетыр щрыкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм лыгъэкъэзм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-р ХЬДОКI.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эдуард, редактору ЩIхьэщIэмыщI Иэз, корректорхэу Афэ Тамарэ *(3, 4, 5-нэ нап.)*, Щоджэн Инэ *(1, 2, 6-нэ нап.)*, корректорхэм я дэIэныкьуэгъу Мырзэкьан ФатIимэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр щIащ* Мэлбахьуэ Анжела, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жанэщ.

Номеры "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытредзар сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 8.878● Заказ №3175